Ди лъэпкъ литературэхэм я хэхъуэ

2-нэ нап.

УпщІэхэм я жэуапу

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Музейхэм я жэщ

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№61 (24.499) ● 2023 гъэм накъыгъэм (майм) и 25, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Иужьрей уэзджынэ, япэ балигъ лъэбакъуэ!



4-нэ нап.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм къызэритамкІэ

«Къэббалъкъгипс»-р къызэІуахыж

«Эко-Золопродукт» Іуэхущ1апІэм и унафэщІ нэхъыщхьэ Исмайылов Фархад КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ хуэзащ. А компаниеи и мылъку хилъхьэнущ «Къэббалъкъгипс» заводым и лэжьыгъэр зэтеублэжыным. Абы теухуа зэпсэльэныгъэхэр нэгъабэ лъандэрэ ирагъэкІуэкІащ.

«ЗАВОДЫМ мыхьэнэшхуэ иІэщ ди щІыналъэм и экономикэми къэралым и уху-нэгъэ Іэнатіэми зиужьыныкІи. Абы и лэжьыгъэр зэтеублэжыным республикэм и бюджетым хэхъуэ къызэрыхуихьынум кІи-щІынэмыщІауэ, Іэнатіэкіэ щІыхуэр къызэ-гъэпэщІынымкІи щхьэпагъашхуэ иІэнущ, - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

Нэхъапэкіэ КІуэкІуэ Казбек жиІауэ щытащ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкІыу зи лэжьыгъэр къызэтеувыІауэ пІалъэ кІыхькІэ щыта Іуэхущ1анІэхэр къызэІуахыжащ, нэхъ шынагъэншэ, хуит хьуауэ. Зыхуэгъэзывыжа пІалъэр къэмыс щІыкІэ лэжьыгъэр зэфІагъэкІащ.

КІуэкІуэр щыІащ Аруан районми. Джэрмэншык, Старэ Шэрэдж, Къэхъун гъэзэгу кілометр 11 щыІэзрагъэпэщыжащ. Блэкіа ильэсищ иплъ мы щІыналъэм зыхуэІ щыхуагъэзэжащ кілометр 50. Мы гъэм я мурадщ Налшык - Май, Старэ Шэрэдж - Чернэ Речкэ, Нарткъалэ - Къэхъун - Правоурванскэ (Къэхъунрэ Псынабэрэ зэпызыщІэр), Старэ Шэрэджрэ Чернэ Речкэрэ я кІуэжабгъуэхэм ирикІуэр, Нарткъалэ Ахъмэтым и цІэр зезыхь, Къэбэрдей уэрамхэр зыхуэІ хуагъэзэжыну.

Зытраухуа пІалъэм тету

КІуэкІуэ Казбек республикэм и щІыналъэхэр накъыгъэм и 23-м къызэхикІухьа нэужь, уху-нэгъэ лэжьыгъэхэмра псэупІэ-коммуналь-нэ комплексымра я зыужьныныгъэм кІэлъыплъ штабым и зэІущІэ ирагъэкІуэкІащ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналь-нэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч Алим, транспортымрэ гъэзгу хозяйствэмкІэ министр ДыщэкІ Аслъэн, егъэджэны-гъэмрэ щІэныгъэмкІэ министр Ёзауэ Анзор, щэнхабзэмкІэ министр Къумахуэ Мухьэдин, Налшык къалэ администрацэм и унафэщІ Ахъуэхъу Таймураз, КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министрым и къуэдзэ Къармэ Марат сымэ.

КІуэкІуэ Казбек тепсэльыхьащ республикэм гъэзгуэр зыхуэІ хуэгъэзэнымк ехьа лэжьыгъэхэр щІэгъэхуэбжауэ зэрыщекІуэкІым. УФ-м и Президент Путин Владимир лъэпкъ проектхэм ятекІуэдэну мылъкур нэхъ пасэу къатуІыпщыну жэрдэм зэрищІам и фІыгъэкІэ, щІыналъэм щекІуэкІ гъэзгу ухуэныгъэ лэжьыгъэхэм километр 34-кІэ заубгъунущ. КъыкІэзыубыдауэ къапщтэмэ, КъБР-м и Гъэзгу фондым бюджетым щыщу сом меларди 5,3-м щІигъу къыхэхъуэнущ.

ДыщІэкІ Аслъэн зэрыжиІэмкІэ, щІыналъэ е щІыпІэ мыхьэнэ яІэу, километри 164-рэ зытетыпхъэ мардэм хуагъэкІуэнущ, километр 80-м я гъунэхэм уэздыгъэ пкъо-хэр щагъэувыныщ - псори зэхэту гъэзгу километри 110-м елэжьынущ. ЩІыналъэ зэхуаку хъуми, щІыпІэ щхьэхуэхэм хиубыдэми, 2024 гъэр имыух щІыкІэ, гъэзгуи 100 зэра-гъэпэщыжынущ. Абыхэм яжеІуцІэ: Новопавловск - Прохладнэ - Мэздагу, Светловодскэ - Дзэлыкъуэ гъэзгуэр, Тэрч и хъуреягъкІэ екІуэкІ машинэ зекІуапІэр, Мэрзэхьу - Шытхьэлэ, Дей - Акъбащ Ипщэ - Болэтей гъэзгуэр. Ильэс блэкІами ещхьу, гъэзгу лэжьыгъэхэр республикэм и кІалащхьэ псоми ялъэІэсынущ. Налшык и гугъу пщІымэ, 2023 гъэм зыщІадза Осетинскэ уэрамымрэ 2-нэ Таман дивизэм и цІэр зезыхьэмрэ щагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр и кІэм нагъэсыну я мурадщ. КъинэмышІауэ, Толстоим, Чернышевскэм, Байсултановым, Тэрчокъуэм, ХьэтІохъуцокъуэм я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэм ирикІуэ гъэзгухэми елэжьынущ.

КІуэкІуэ Казбек унафэ ищІащ фокІадэр къэмыс щІыкІэ, лэжьыгъэхэм епха зэгурыІуэныгъэ псори и кІэм нагъэсу, 2024 гъэм и щІышылэм лэжьыгъэм пэрыхьэну.

Щэнхабзэм, узыншагъэм, егъэджэнымкІэ теплажь унэхэр зыхуэІ хуэгъэзэн зэрыхуейми тепсэльыхьащ къызэхуэсахэр. Дызэрыт ильэсым Уэздрэдж къуажэм щэнхабзэмкІэ центрымрэ Прохладнэм дэт гъуэзджэмкІэ сабий школымрэ зэІуэпэщ ящынущ. ЩэнхабзэмкІэ унэхэр къыщрагъэжьащ Аушыджэр, Псыхъуерей, Эльбрус. Щэнхабзэм зыщрагъэжьэ унэ 13 зэрагъэпэщыжынущ. Къумахуэ Мухьэдин зэрыжиІэмкІэ, нобэрей Іуэхукіэ лэжьыгъэ псори зытрауха пІалъэм тету зэфІокІ.

Къармэ Марат тепсэльыхьащ узыншагъэм щеІэзэ, цІыхуэхэм япэ дэІэпыкъуныгъэ щагъэуІ Іуэхущ1анІэхэр зэрыра-гъэфІакІуэм: дыззэрит ильэсым апхуэдэхэм ящыщу - 8, 2024 ильэсым - 10 яутІыпщынущ. Дэтхэнэ зыри иджырей медицинэ ІэмэпсымэхэмкІэ къызэрагъэпэщынущ.

КІуэкІуэ Казбек къызэуэсахэм ягу къигъэкІыжащ лэжьыгъэщхэр къыщІэта егъэджэныгъэ къудамэм гулъытэ нэхъыбэ хуащІыну. 2023 гъэм школыщІэу 7 яухыну загъэхьэзыр, еджапІэ 40 зэІуэпэщ ящынущ, къыкІэлъыкІуэ ильэсым яухын я мураду, иджырэ 8 щІэуэ кърагъэжьынущ. КъБР-м и Правительствэм кьалэн щащІащ лэжьыгъэ псори зытрауха пІалъэм къыкІэрымыхуу, зыхуэІ хуэзэу зэфІагъэкІыным кІэлъыплъынущ.

Шынагъуэншэ, хуит мэхъу

КъБР-м и Іэтащхьэр республикэм и щІыналъэхэм лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыІащ икІи ухуэныгъэхэр зэрекІуэкІым, школхэр, гъэзгуэр зэрызэрагъэпэщыжым зыщІыгъэгъэзащ.

АПХУЭДЭ лэжьыгъэхэм ящыщщ Налшык къалэ Мовсисян и цІэр зезыхь и уэрамым щыщу километритІыр зыхуэІ зэрыхуагъэзэжкІр. Ар Къэбэрдей уэрамым пыхьэу ящІмэ, Идарым и цІэр зезыхь уэрамымрэ Къэбэрдеймрэ щІызэтрихьэ машинэхэр нэхъ мащІэ хъунущ. Ар хьэлъэшэ машинэ нэхъыбэ щызекІуэ гъуэгуэм ящыщщ. Гъуэгум зэман гъунэгъум асфальтым и япэ Іыхьэр тралъхьэнущ.

Іэтащхьэм зригъэлъэгъуащ Май - Зареч-ное - Ново-Ивановскэ гъуэгури. Километри 2,5-рэ хъу а гъуэгур иджыблагъэ къызэІуахыжащ, нэхъ шынагъэншэ, хуит хьуауэ. Зыхуэгъэзывыжа пІалъэр къэмыс щІыкІэ лэжьыгъэр зэфІагъэкІащ.

КІуэкІуэр щыІащ Аруан районми. Джэрмэншык, Старэ Шэрэдж, Къэхъун гъэзгу кілометр 11 щыІэзрагъэпэщыжащ. Блэкіа ильэсищ иплъ мы щІыналъэм зыхуэІ щыхуагъэзэжащ кілометр 50. Мы гъэм я мурадщ Налшык - Май, Старэ Шэрэдж - Чернэ Речкэ, Нарткъалэ - Къэхъун - Правоурванскэ (Къэхъунрэ Псынабэрэ зэпызыщІэр), Старэ Шэрэджрэ Чернэ Речкэрэ я кІуэжабгъуэхэм ирикІуэр, Нарткъалэ Ахъмэтым и цІэр зезыхь, Къэбэрдей уэрамхэр зыхуэІ хуагъэзэжыну.

Бюджетыр къызэрагъэсэбэпар къапщытэж

● КъБР-м и Парламентым

КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ щытепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ КъБР-м ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондымрэ я бюджетхэр 2022 гъэм зэрагъэзэщІам.

ДЕПУТАТХЭМ къищынэмыщІа, абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм, Правительствэм, щІыпІэ унафэр зехьэныкІэ Іуэхущ1анІэхэм, Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм, медицинэ Іэнатіэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэр къыщызэІуихьм, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ** жиІащ республикэм 2022 гъэм иІа зыужьныгъэмрэ къытпэщІыпІ къалэнхэр зыхуэдэмрэ мэлыжьыхьым и 20-м КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек КъБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэлъэгъуауэ зэрыщытар.

- КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщауэ щытащ иужьрей ильэсхэм щІыналъэ бюджетыр хэдитІкІэ зэрыхэхъуар икІи 2022 гъэм и кІэм ар сом мелард 64,8-рэ зэрыхъуар. Апхуэдэ дыдэу щІыналъэм езым и хэхъуэхэри нэхъыбэ хъуащ - сом мелард 16,2-рэ, - жиІащ Егоровэм. - Республикэ бюджетыр къызэрыдахуІар къэзыгъэпэІэгъуэхэм ящыщщ къэралым щыхуэзэр 2021 гъэм диІам зэрыфІэдмыгъэкІар (сом меларди 7-рэ мелуан 30-рэ мэхъу). Ипэ ильэсхэми хуэдэу, щІыналъэм и ахъшэр нэхъыбэу зытригъэкІуэдар щІыхуэм я псэукІэр егъэфІакІуэнымрэ защІэгъэкъуэнымрэщ (а Іуэхуэм сом мелард 45,3-рэ ихьащ). Апхуэдэу КъБР-м и Правительствэм пщэрыльэ зыщищІыжа псори игъэзэщІащ.

КъБР-м ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и лэжьыгъэм къыщытеувыІэн, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ыр а Іэнатіэм пэрытхэм екъуэхъуащ Іуэхущ1анІэр къызэрагъэпэщ1ауэ щытар. «ЩІэх хэмылъу, ОМС-м и фондыр ди къэралым узыншагъэр хъумэным теухуауэ щащІэм КъБР-м и Парламентым и къэзыгъэхпІэ имыІэу епхащ. Ди гуапэщ адэкІи абы и Іуэхуэр ефІэкІуэну, - пищащ Егоровэм. - Дызытепсэльыхь пІалъэм мы Іуэхущ1анІэм и бюджетым и хэхъуэр сом мелард 11,72-рэ хъуащ, къигъэсэбэпар - сом мелард 11,64-рэщ. Іуэхущ1анІэм и бюджетым и зы Іыхьэр хуаутІыпщащ республикэм мылажьэу щыс-хэм фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм ипкъ иткІэ хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм - ар сом меларди 4,2-рэ мэхъу. Апхуэдэуи къыхэзгъэкІуэ гулъытэ хэха яхуэтщІын зэрыхуейр Украинэм щекІуэкІ Іуэхуэхэм хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызащІэдгъэкъуэным. Ди къэралым зыхащІэн хуейщ абыхэм я унагъуэхэр къэралым гулъытэншэ зэримыщІыр, - дыщІигъуащ Егоровэм.

КъБР-м и экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** тепсэльыхьащ мэкъумэшым, промышленностым, гъэзгу лэжьыгъэм, туризмэм, хьэрычэт Іуэху мащІэмрэ курытымрэ, ухуэныгъэм ехьэлІауэ республикэм зригъэгъуэта екъулІэныгъэхэм. Абы къыхигъащащ щІыналъэм къилэжьам и хэхъуэр процентэ 103,8-рэ зэрыхъуар, промышленностым - процент 102,1-рэ.

- Промышленностым зэрызыужьамкІэ, Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ещанэ ювыпІэр иныгъщ, Ставрополь краймрэ Дагъыстэнымрэ яужькІэ, - жиІащ къэпсэльам. - Мэкъумэш Іэнатіэм къыщалъхьар псори зэхэту сом мелард 77,7-рэ мэхъу. Республикэр ди къэралым щыпашэщ ильэс куэдкІэ къызыпыкІэ жыг хадэхэр зэрыхисэмкІэ. Мы зэманым апхуэдэу диІэм я бжыгъэр щІы гектар мин 25-м щІигъуащ. 2022 гъэм тонн мин 680,3-рэ кьыпачащ а жыгхэм. КъищынэмыщІауэ, пхъэщхьэмыщхьэхэр пІалъэ кІыхьым тещІыхьауэ зэрихъумэфымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр япэ ит щІыналъэщым щыщщ, хадэхэкІэр гъэфІэІунымкІэ нэхъыфІитхум хэтщ.

Министрым зэрыжиІамкІэ, 2022 гъэм ижи ит улахуэр ипэ ита ильэсым нэхърэ нэхъыбэ хъуащ (процентэ 108,4-рэ), лэжьапІэншэу нэгъабэ зезыгъэтхэр хуэдэ 1,5-кІэ нэхъ мащІэщ 2021 гъэм нэхърэ (щыхуэ мини 7,6-рэ).

КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Лисун Еленэ** жиІащ 2022 гъэм бюджетыр гъэзэщІэнэр тыншу зэрыщымытар, псом хуэмыдэу ар хьэлъэ ящІ дуней псом къыщекІуэкІ политикэ Іуэхухэм.

Гугуеухьэм емылъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр зэгъэзэхуауэ дгъэзэщащ, дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм защІэдгъэкъуэныр кІыхэдгъэпэщащ икІи республикэм и кьалэнхэр игъэзэщащ, - жиІащ министрым. - Республикэм и хэхъуэр 2022 гъэм псом мелард 64,8-рэ хъуащ. 2021 гъэм ебгъапщэмэ, ар сом мелард 12,8-кІэ нэхъыбэщ. Налогымрэ нэгъуэщІ хэхъуэхэмрэ сом мелард 16,2-кІэ дгъэзэщащ. Къэбгъэльагъуэмэ, республикэм кьигъэсэбэпар сом мелард 63,1-рэ мэхъу, профицитыр - сом зы мелардрэ мелуани 6-рэ. Зымыгъэзэж хэхъуэу 2022 гъэм къэралым кьиутІыпщащ сом мелард 48,6-рэ.

Бюджетыр зытригъэкІуэдам къыщытеувыІэм, Лисун Еленэ жиІащ ар къэрал программэ 26-р зэрагъэзэщІэнум тещІыхьауэ зэрыщытар. Зэрыхабзэу, нэхъыбэр зытекІуэдар республикэм и щІэнкІэ-псэукІэр егъэфІакІуэнырщ, егъэджэныгъэ, экономикэ, узыншагъэр хъумэн Іэнатіэхэр зыхуэІ хуэгъэзырщ. Къэбгъэльагъуэмэ, социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхухэм республикэ ахъшэм и процент 71-р хуагъэкІуащ. КъищынэмыщІауэ, коронавирусым пэщІэтынымрэ абы земыгъэубгъунымрэ сом мелард 1,2-рэ трагъэкІуэдащ, абы щыщу сом мелард 359-р республикэ ахъшэу.

КъБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмрэ финанс Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІ **Афэщ1агъуэ Михаил** жиІащ республикэм зэрыхуэзэфІэкІар экономикэм и хэхъуэм химыгъэщІыну, кьхьэпІэ къэралхэм я санкцэхэм кьиша гугъуехьэр къызэринэкІыну, бюджетыр зыхуэІ хуэгъэзауэ игъэзэщІну.

Апхуэдэуи Афэщ1агъуэм тэмэму кьиІыпщащ республикэм и кьулыкъущІапІэхэр гъэзэщІакІуэ властым и щІыналъэ, федеральнэ Іэнатіэхэмрэ хабзэхъумэ Іуэхущ1анІэхэмрэ зэрадэлажьэр нэхъ быдэ щыІэн хуейуэ.

КъБР-м ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ щІыналъэ фондым и бюджетыр 2022 гъэм зэрагъэзэщІам теухуауэ къэпсэльащ Іуэхущ1анІэм и унафэщІ **Бгъэжьнокъуэ Зурьят**. Абы зэрыжиІамкІэ, Фондым и хэхъуэр 2022 гъэм псом мелард 11,7-рэ мэхъу, къигъэсэбэпар - сом мелард 11,9-рэ. Зыхущыщыр - сом мелуани 188-рэ. Іуэхущ1апІэм нэгъуэщІ и хэхъуэхэр процентэ 106,5-кІэ игъэзэщащ (сом меларди 4,2-рэ мэхъу). ЩІыналъэ программэм къыщыгъэлъэгъуахэр ягъэзэщІэфын папщІэ, фондым къыхуаутІыпщащ бюджет зэхуакъ трансферту сом мелуан 31-рэ. ЩІыналъэ программэкІэ гъэзэщІэным 2022 гъэм сом меларди 9,3-рэ хуаутІыпщащ, ар сом мелуан 726,8-кІэ нэхъыбэщ 2021 гъэм елытауэ.

ЗэІущІэм къыщыпсэльащ КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщІ **КІасэ Динэ**, Урысейм и УФНС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщым и къуэдзэ **Льытнёвэ Наталье**, КъБР-м щІы, мылъку Іуэхухэмкіэ и министр **Тохъу Аслъэн**, Прохладнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ **Журавлёв Андрей**, Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Тет Хьэсэнбий**, Бахъсэн район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Ещтрэч Мурат** сымэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Лъэныкъуэ куэд къызэщІеубыдэ

КъБР-м ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и унафэщІ Бгъэжьнокъуэ Зурият КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм лэжьыгъэ Іуэхукіэ щыхуэзащ. Республикэм и пашэр Бгъэжьнокъуэми абы и нэІэм щІэт Іэщ1агъэлІхэми фондыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъумкІэ гуапэу екъуэхъуащ икІи екъулІэныгъэщхэр адэкІи зыІэрагъэхьэным, щІыпІэм и анде медицинэ Іуэхущ1анІэхэм дяпэкІи жыдэжру ядэлэжьэным къыхуриджащ.

ЗЭІУЩІЭМ апхуэдэу щытепсэльыхьащ фондым и пщэрыльэ кьалэнхэм икІи кьыхагъэщащ абыхэм я нэхъыщхьэр республикэм щыпсэухэм ящІэнш икІи фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэ яхуэщынынр арауэ зэрыщытри.

ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэ Іэнатіэм мы зэманым къызэщІеубыдэ ди республикэм щылажьэ къэрал медицинэ Іуэхущ1анІэу 42-рэ, уней медицинэ Іуэхущ1анІэу 24-рэ. Абыхэм хуаІэ пыщІэныгъэхэм ящыщу мыхьэнэшхуэ иІэщ цІыхуэхэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм фІагъ яІэным кІэлъыплъыным, сымаджэхэм яфІ къызэрыкІ лэжьыгъэхэр абыхэм ядегъэкІуэкІыным.

ОМС-м и щІыналъэ фондым 2023 гъэм хухахар, 2022 гъэм епльытэ, процентэ 10-кІэ нэхъыбэщ. Ар мэхъу сом мелард 11,5-рэ. А мылъкур хуаутІыпщ сымаджэщхэр, амбулаторэхэр, поликлиникэхэр, дэІэпыкъуэгъу псынщІэр, махуэрылажьэ сымаджэщхэр къызыхуэтыншэу гъэлэжьэным. Апхуэдэу ОМС-м и мылъкукІэ къызэрагъэпэщ узыфэ хэхахэм зэрелэзэ, технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медицинэ Іэпэпкъуныгъэр, сабийхэмрэ балигъэхэмрэ я узыншагъэр хъумэным хуэщІа профилактикэ лэжьыгъэхэр, кІэлъыплъныныгъэхэр. Фондым бгъэдэлъ зэфІакІэр я тегъэщІапІэу медицинэ лэжьакІуэхэм я щІэныгъэм хагъэхъуэф, узыншагъэр хъумэныкІэ Іуэхущ1анІэхэм медицинэ Іэмэпсымэщ1эхэр я кьащхьф.

Налшык щахуэ кьалэ поликлиникэ №21-м лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІым зыщицъэгъуэрыщ. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ПРОЕКТЫР ягъэзащІэ УФ-м и Президент Путин Владимир цІыхуэхэм япэ дэІэпыкъуныгъэхэр щыхуащІэ. Іуэхущ1анІэхэр къэгъэщІэрэщІэжьынымк теухуауэ къыгъэлъэгъуа пщэрыльхэм тету. УФ-м и Правительствэмрэ Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэмрэ я жэрдэмкІэ ар нэгъабэ хагъэхьауэ щытащ «ЦІыхуэхэм япэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щыхуащІэ Іуэхущ1анІэхэр къэгъэщІэрэщІэжьын» къэрал проектым. Федеральнэ бюджетым къыхэкІыу Іуэхущ1анІэхэм хухахащ сом мелуан 706-рэ, лэжьыгъэхэр зэрагъэзыхуам тету йокІуэкІ.

Поликлиникэщ1эм и ухуэныгъэр зэрекІуэкІыр

Медицинэ Іуэхущ1анІэм щІыху мин 80-м нэблагъэм дэІэпыкъуныгъэхэр щыхуащІэ. УхуэныгъэщІэр зи пІэ иувэну поликлиникэм и унэр жьы дыдэ хъуат, узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм и иджырей жьпхъэхэм хуэкІуэжыртэкъым.

Поликлиникэщ1эм зы чэзу лэжьэгъуэм щІыху 500-м дэІэпыкъуныгъэхэр щагъэутыкІынущ. Іуэхущ1анІэм и лэжьыгъэр дохутыркэм абы къьекІуалІэ щІыхуэмк я тыншыпІэм сыт и Іуэхущ1анІэм и Іуэхуныгъэм хухахащ сом мелуан 706-рэ, лэжьыгъэхэр зэрагъэзыхуам тету йокІуэкІ.

Медицинэ Іуэхущ1анІэм щІыху мин 80-м нэблагъэм дэІэпыкъуныгъэхэр щыхуащІэ. УхуэныгъэщІэр зи пІэ иувэну поликлиникэм и унэр жьы дыдэ хъуат, узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм и иджырей жьпхъэхэм хуэкІуэжыртэкъым.

Поликлиникэщ1эхэм хэтынущ эндоскопиемкІэ, реабилитацэмкІэ, функциональнэ диагностикэмкІэ къудамэхэр, иджырей лабораторэ Іэнатіэ. Апхуэдэу абы щылажьэнущ амбулаторнэу онкологие дэІэпыкъуныгъэ щыхуащІэ центр, бзий диагностикэр щрагъэкІуэкІ къудамэ, рентген, МРТ къэпщытыныгъэхэр щащІ пэшхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящІэн папщІэ

2023 гъэм накъыгъэм и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэ зэхэтынущ.

ЩыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1анІэ.

«Спартак-Налшык» - «Динамо» (Ставрополь) - 2:1

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и Япэ гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ вэсэмахуэ Налшык щызэхэта зэІущІэм апхуэдэ бжыгъэ кърикІуащ. Ди щІалэхэм ящыщу топхэр дагъэкІащ ЛІуп Исламмэ Масленников Игоррэ.

Джэгур зэрекІуэкІамрэ абы иужькІэ турнир таблицэм игъэзэта теплъэмрэ ятеухуа тхыгъэ ди газетым пщэдей тетынущ.

КЪАУДЫГЪУ Заурбэч.

УпщIэхэм я жэуапу

ХъыбарегъащIэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэр иджыблагъэ яIущIащ КъБР-м и дзэ комиссар Пахомов Дмитрийрэ контракт щыкIэм тету армэм дашхэм я дэфтэрхэм щыхэплъэ Iуэхущ1анIэм и унафэщI Дмитриев Виталийрэ.

● Дзэ Iуэху

АДРЕЙ илъэсхэми хуэзэу, гъатхэ армэ дэшыгъуэр мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщIэдзауэ бадзэуэгъуэм и 15 пщIондэ йокIуэжI. Дзэ предпубликэм щыщу я щIэныгъэ тету дзэм хагъэхьэнухэм я бжыгъэр, зыхуагъэувыжа мардэм иригъаззэмэ, щIалэ миным щIегъу.

Комиссарыр щыхьэт зэрытехъымкIэ, дзэм зи дэшыгъуэу ираджэхэр пщIэ щIэмыгу къулыкIу щрахьэкIыну щIыпIэм нашэсынущ, гъэзгум гъэмылэкIэ къыщIэзрагъэпэщынущ, здынысэм гъэмахуэ-щIымахуэ фащэхэмкIэ ягъэпхынущ, махуэм щэ ягъэшхынущ.

Мыгъэрей гъатхэ дэшыгъуэм хэхуэхэр хьэуа-десантыдзэм, лъэсырыкIуэдзэм, кхъуныдзэм (флот), лъэпкъ гвардием хагъэхьынущ.

Курыт еджапIэр къэзыхэхэм ящышу зи ныбжьыр илъэс 18 хъуахэр жэпуэгъэм и 1 пщIондэ армэм дашынкъым. ЕджапIэ нэхъыщхьэ е IэщIагъэ хэха щызэрагъэгъуэт колледжхэм щIэтIысхьэхэр зэман пыухыкIакIэ (я еджагъэр яуухыу) дзэм ираджанэхьым.

Мыри кхъэгъэщынэхъэщ. Илъэс пIалъэкIэ армэм дашынухэр зауэ Iэнатlэм пэрагъэувнукъым, езыхэм я фIэфIыныгъэ халъхьэу а Iуэхум щыхуагъэхьэзыр дерсхэм пхымыкIауэ. Апхуэдэхэри, зыхуагъэпсыну Iуэхум фIыуэ щыгъуазэ хуамышIауэ, зэпэщIэувэныгъэ гуащIэ щекIуэкI щIыпIэхэми къэралым къыгуагъэхьагъащIэ адрей щIыналъэхэми яшэнукъым.

Дзэм контракт щыкIэм тету къулыкIу зэрыщIахьэкIым хуэгъэзауэ журналистхэр зыщIэупщIам жэуап щаритым, Дмитриев Виталий кхъжитIащIащ мэлыжьыхьым и 15-м къыщегъэжьауэ а Iуэхум телажьэу, Налшык кьалэ Идар Темрыкъуэ и цIэкIэ щыIэ уэрамым и 198-нэ унэм дежь хэщIапIэ щхьэхуэ къыззэрыщыIэзрагъэпэщащ, республикэм щыщщэ екIуалIэ хъуурэ. Нэхъапэхэм апхуэдэ здэщыIар Владикавказ и закъуэт. Контрактым къыщыгъэлъэгъуэ пIалъэр, я нэхъ мащIэ дыдэрауэ, зы илъэсыщ, нэгъуэщIу жытIэмэ, апхуэдизщ е абы нэхъри нэхъыбэщ.

Контракт щыкIэм тету дзэм къулыкIу щезыхьэкIынухэм УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм абы тетууа зэгурыIуэныгъэ иращIылIэ. Хабзэм тещIыхьа а дэфтэрым Iэ щIадзыну хуитщ зи дэкIыгъуэу армэм дашхэми, дзэм хэтауэ къыхэкIыжахэми (запас), цIыхубзхэми, хамэ къэралым щыщхэми. Контракт зращIылIэнуэхэр къыхахынущ къэралым и федеральнэ хабзэ №53-мрэ УФ-м и Президентым 1999 гъэм фокIадэм и 16-м дзэм къулыкIу щезыхьэкIымкIэ къыдигъэкIауэ щыта Унафэ №1237-мрэ япхъ иткIэ. Дзэм хэшэн Iуэхур щIыналъхэм зэрыщекIуэкIым кIэлъыплъынущ УФ-м ШынахэуэншагъэмкIэ и советым и унафэщIым и къуэдзэ Медведев Дмитрий.

ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм езым и фIэфIыныгъэкIэ гурыIуэхэм зэ тыгъуэу сом мини 195-рэ иратынущ, абыхэм ящыщу зауэ Iэнатlэ пэрыувэхэм мазэ къэс сом мин 200-м щIигъу къэIэрыхьэнущ. Ди республикэм щыщу иужьрейуэ зи гугъу тщIахэм къулыкIу щрахьэкIын хуейуэ хуагъэпъагъуэр Ставрополь кьалэр зи хэщIапIэ дзэ-армэ корпусырщ, зауэ зэпэщIэувэныгъэхэр щекIуэкI щIыпIэхэм ягъэкIуэнухэр щагъэхьэзырщызэщIагъэуIуэ щIыпIэхэм язырщ.

Къэралыр зэрыщыту къатщтэмэ, армэм контракт щыкIэм тету ираджэхэм кхъыхэзрагъэпэщ дзэр щаIыгъ хабзэ хэщIапIэщIэхэр (частьщIэхэр), мыдрейхэр щыIэхэм трагуашэ.

Iуэхур езыгъэкIуэкIэм зэрыжаIэмкIэ, дзэм хэтхэм я бжыгъэр хагъэхъэнущ. Абыхэм ящыщу и ныкъуэм нэблагъэр илъэс дызэрыплъым къыриубыдэу контракт щыкIэм тету УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм зэгурыIуэныгъэ езыщIыпIэнуэкIэр аращ. УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Шойгу Сергей кхъэзригъэпсыгъуамкIэ, 2023 гъэм и кIэ пщIондэ зауэ Iуэхум хуэIэзэу армэм хэтынухэми я бжыгъэм щIигъунущ.

ЗэгурыIуэныгъэ зэрыззэпщIылIэ хъунуи хуогъэзэ кхъыбархэр щIыналIэ псоми щызэбрезгъэхьыр «ЦУР» (Центр управления регионом) фIэщыгъэр ирату 2022 гъэм дэнэкIи кхъыщхьэрагъэпэща Iуэхущ1анIэ щыкIуэрщ. Ардыдэхэм Интернетым и напэкIуэцIкэм тхыгъэ пыухыкIакIэр иралъхьэ, контракт щыкIэм тету дзэм къулыкIу зэрыщыщIэнуэм теухуауэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Ди лъэпкъ литературэхэм я хэхъуэ

Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, тхакIуэ, драматург Къаныкъуэ Заринэрэ («Гум и псысэхэр») КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ Мусукаевэ Сакинатрэ («Когда летаешь, нельзя бояться») я Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъхэм ятеухуа зэIущIэ.

ГъэЖ КIУАМ и кIэхэм, Урысей тхакIуэхэм я зэгухэзныгъэмрэ тхылъ тедзапIэхэм я Ассоциацэмрэ «Местоимения» фIэщыгъэм щIэту ирагъэжьа проектым хэту, Москва къыщыдэкIащ Къабардей-Балъкъэрым и тхакIуэхэм я Iадакъэщ1экIхэр.

Къаныкъуэ Заринэ и тхылъым усэхэмрэ пьесэхэмрэ адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ итщ, Мусукаевэм ейм и рассказхэмрэ повестхэмрэ урысыбзэкIэ здэзэкIауэ щызэхуэзысащ.

ЗэIущIэр къыззэпIэнущагъэ езыгъэкIуэкIаРи Лъэпкъ библиотекэм и Лъахэхуэ къудамэм и унафэщI Гергоковэ Лейлэщ. Пшыхьыр зращIэкIа тхылъхэм адыгэ, балъкъэр литературэхэм дежьIэ мыхьэнэшхуэ зэралэр щыжаIащ абы. ПIуми иджырей гъащIэм щыпсэуэхэм я гурыгъ-гурыщIэхэр къатIэщI, гукъеуэ нэхъыщхьэхэр сэтей къащI, хэкIыпIэхэр къагъэлагъуэ. Ауэ щыхьыкIи, тхакIуэ бзылъхугъэхэм я хъэтI щхьэхуэ, я образ зэфIэгъэувэкIэ, гупсысэ къэIуэтэкIэ зэралэжьыр къагъэлагъуащ къэпсэльэхэм.

«КъБР-м и радиом» и унафэщI Мэремкъул Ларисэ жиIащ тхылъитIми я фIэщыгъэм къыззэрыкIуэу ззэрыдахьэхьр, абыхэм уеджэну укъызэрыхураджэр. Мэремкъулыр тепсэльыхьащ лъэпкъ литературэр зыIущIэ лъэпощхьэпохэм, я нэхъыщхьэри - зэдзэкIакIуэ дзызэрмыбгурщ. Абы и IуэхуэкIэ дзызэрмыбгурщ. Абы и IуэхуэкIэ дзызэрмыбгурщ Москва кьалэм щIэх-щIэхьурэ къыщыщIэзрагъэпэщ зэхьыхьэхэм. Апхуэдэ щыIэ ар ирихьэлIат я анэдэлхубзэкIэ тхэуэ - урысыбзэкIэ зэрадзэкIа тхылъхэм я гъэлъэгъуэныгъэм, абыхэм яхэтт адыгэ жыIэгъуэ гъэщIэгъуэнхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа Семэн Руслан и тхылъыр.

- Къаныкъуэ Заринэ и усэхэр урысыбзэкIэ ззэдзэкIыу щытха Яропольскай Георгий ар зэрызэхищIыкIыр, ящхьэрыгурыIуэр щэч къызытумыкьэжынт. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Iэззу кхъэхупIэрт. ТхакIуэ бзылъхугъэхэм я екъулIэныгъэр ахэр кхъызэхэкIа лъэпкъхэм я екъулIэныгъэу къэплъытэ хъунущ, - жиIащ Мэремкъулым. Ларисэ кхъззхуэсахэр иригъэдэIуащ КъБР-м и цIыхубз усакIуэ Бещтокъуэ Хьэбас 1991 гъэм зыхэта радио нэтыным щыщ пычыгъуэм - лъэпкъ литературэм, абы и пщэдейрей махуэм зэрыщытепсэльыхьам, Къаныкъуэ Заринэ адыгэ литературэм зэрыхуэнабдзэгубдзаплъэр, куэдым гу зэрыльытэр, ар узыщIигугъ хъунухэм ящыщу кхъззрилъытэм.

Заринэ и къэуухым зиужь, и зэфIэкIым, Iэзэгъым хигъахъуэ зэпытщ. Ар усыгъэми, прозэми, драматургиеми, сценарий тхыми, зэдзэкIыми, публицистикми хэзIэзэ хъуащ, и цIэр кхыщIрагъэн тхыгъэхэр иIэщ.

«Тхылъхэр фIыуэ зыIьагъуэхэр» зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкарёвэ Наталье жиIащ мы тхылъхэм я «лъэтеувэ» Москва щекIуэкIам зэрыхэтар.

- Сыщ1эгуфIар бзылъхугъэхэм зыIэрагъэхьа екъулIэныгъэм я закъуэкъым, апхуэдэ тхакIуэхэр дызэрилъм кхъззрымыкIуэу гушхэныгъэ ин къысхилъхьащ. Мусукаевэ Сакинат и прозэр урыс щIэджыкIакIуэм дежьIэ тыгъэ лъапIэщ. Сэ абы седжа иужькIэ тхакIуэм и Iэзагъ кхэд зрагъэнжащ. Тхылъым ихуа тхыгъэхэр куущ, куэд кхъзащIэзэыбыдэщ, абыхэм балъкъэр лъэпкъым и тхыдэр дахэу кхъыщIагъэзыгъэжащ. Пэшым щIэс щIалэгъуалэр абы кхеджэну сыкуейт, быдэу си фIэщ мэхъу ар фигу зэрырихьынур, щхьэж езым пэгъунэгъу гуэр кхъззрыщIигъуэтынур. ФефIэкIыгъэ, екъулIэныгъэ куэдзэмкIэ дыевгъэгуфIэну сынывохъухьу, - жиIащ Шинкарёвэм.

КъБР-м и цIыхубз тхакIуэ Моттаевэ Светланэ къыщыщIэсалъэм жиIащ пшыхьым щагъэлъапIэ тхакIуэхэм лъэпкъ литературэр егъэфIэкIуэным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащIар.

ЕгъэджэнигъэмрэщIэныгъэмкIэ министерствэм и къудамэм и унафэщIАхаевэ Ларисэ Мусукаевэм и тхыгъэ зыбжанэ зэридзэкIащ.

- ПIуми я тхылъхэм фIащащ мыхьэнэ куу яIэщ. Къаныкъуэуи Мусукаевэри прозэми усыгъэми хуэIэзэщ. Абыхэм я псалъэ къэс гум кхъызэрыбгъэдэкIыр арагъэнщ апхуэдизу гупсысэм ущыхуэащэр. Къаныкъуэ Заринэ тхакIуэ, усакIуэ къудейкъым, абы цIыхубзыгъэуэ хэлъщ, ар си щхьэжьэ згъэунэхуа Iуэхугъуэщ. Мусукаевэм и Iэдакъэщ1экIхэм щыщ куэд учебникхэм ирагъэуващ, и тхыгъэхэр щIэбгъэщыбгъасэкIэ куэду кхыпхъуэхъэпэнущ, - жиIащ Ахаевэм.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зы махуи зэпыуркъым

Бахъсэн районым щыщ Исльэмей къуажэм дзт Щэнхабзэмкlэ унэр зэрагъэпэщыж «Щэнхабзэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хиубыдэу.

МЕТР зэбгъузэнатlэ 900-м нэблагъэ зи инагъ, цIыку 500 зыщIэхуэ къуэжь клубыр илъэс 65-рэ ипкIэ яухуауэ щытащ. Унэр къэзрагъэпэщащ 2010 гъэ пщIондэ - адэкIэ абы ущылэжьэну шынагъуэу, сэкъат куэд игъуэтати зэхуащIын хуей хъуауэ щытащ.

2023 - 2024 гъэхэм ярубыдэу щэнхабзэ-нэгузэгъэужьыпIэ унэхэм я бжьгъэхэм къаэгъэхьуэным хуэунэтIа пэхуэщIэм хьыбзу лэжьыгъэхэр яублащ. Пэш кIуэцIхэр, дэкIуеипIэхэр, санузелхэр, унащцхэр къагъэщIэращIэжьынущ, ток кIапсэхэр, псыр унэм зэрекIуалIэ, къагъэсэбэпар кхъэзрящIашьхь бжьамийхэр яхъэужьнущ.

Ухуэныгъэхэм къадэкIуэу, Бахъсэн щIыналъэм и жьлагъэхэр зэщIэгъакъэб зэным теухуа лэжьыгъэхэри зэпыуркъым. Иджыблагъэ къапщытэжащ мазитI лэжьыгъэм кърикIуахэр: щIы гектар 20-м, псы Iуфэу километр 54-м, мэзкусэрэ Iуэгу Iуфэу километр 58-м кIэрыхуэбжьэрыхуэхэмрэ пхъэнкIийхэмрэ щызэщIакъуащ, щIыпIэ-щIыпIэхэм жьгыщIэу 1200-рэ, къуащ лъахъшэу 2000 цIыхасащ.

Бахъсэн щIыналъэм и Iэтащхьэм и нэIэм щIэту кхъэжьэхэм иджыпсту къыщщхэуэлбанэ кIыхьым и эзранкIэ лъагэу дахIея удзыр. КхъэгъэщIапхъэщ ахэр гъэм и кIыхьагъкIэ зыбжанэрэ кхъыззрахьэр. Псом хуэмыдэу къабзагъэм щогугъу жьлэхэм кIуэцIрыкI, къэрал мыхьэнэ зиIэ гъэгуэхэм, Iуэхущ1анIэхэм я Iэгъуэблагъэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Лышхыр узыхуэбэлэрыгъ мыхъуну узыфэщ

● Узыншагъэ

Иужьрей зэманым лыш узым зэрызиубгъуар щэхукъым. Яныныкъуэхэм жаIэ а узыфэ шынагъуэр цIыхум и зыужьныныгъэм къыдэунэхуауэ, цIыхур щIыуэпсым пэжыжьэ зэрыхъуам, ерыскъы тэмэм зэримышым, хьэуар зэрымыкъабзэм къыхэкIыаэ.

ЛЫШХЫР зэрыцIалэ узкъым, псом япэращи. Цыхум и зэхэлъыкIэр апхуэдэу зэтеухуащи, зэрызэпкърылъ пкъыналъэхэм (клеткэхэм) ящыщ мыузынышэмэ, езыр-езыру щыкIуэдыж, «зыщцykIыж» кхъуэ. А Iуэхугъуэм зэреджэр **апоптозщ**. Ауэ, инкъыхуэхэм деж апхуэдэ пкъынальэхэм замыгъэкIуэдыжын папщIэ, захъумэж щыкIэу, загъэшын, хэхъуэн щIадзэри, дызытепсэльыхь лыш щыкъырыр къоунэжу. Аращ а узым и екIуэкIыкIэр - пкъынальэ «Iейр» машхэ, къыбгъурылъ пкъынальэхэм хохьэ, хохьэ, цIыхум и гуащIэр, къарур щIихыу. Абы зэреджэр **канцерогенезщ**. Хуэм-хуэмурэ, лышх шыкъырыр хэхъуэжу, цIыхум мэхъ хуримыкъуу, къару имыIэжу, мышхэжыфу, ишхIами емызэгъуну, плъыржьэрыр щхьэщымыкIыу махэ мэхъу.

Канцерогенезым хуэкIуэным щхьэусыгъуэ куэд иIэщ: щIыуэпсыр, дыгъэм, техникэм къапкърыкI радиацэр, шхын мызыншэр, дуней тетыкIэр, тутыныр, узыншагъэмкIэ зэран зыпылъ лэжьыгъэр, мышхэжыфу, ишхIами емызэгъуну, плъыржьэрыр щхьэщымыкIыу махэ мэхъу.

Канцерогенезым хуэкIуэным щхьэусыгъуэ куэд иIэщ: щIыуэпсыр, дыгъэм, техникэм къапкърыкI радиацэр, шхын мызыншэр, дуней тетыкIэр, тутыныр, узыншагъэмкIэ зэран зыпылъ лэжьыгъэр, мышхэжыфу, ишхIами емызэгъуну, плъыржьэрыр щхьэщымыкIыу махэ мэхъу.

УрысыбзэкIэ абы дыззреджэ «**рак1ыр**» кхъызытекIари лыш шыкъырыр теплъэкIэ къалархъэшым ещхьщи араш.

ЗэрыгурыIуэгъэщи, лышхыр зы лэужьыгъэм икIыу адрей лэужьыгъуэм хуэкIуэрэ хохьэу. Ар цIыхум и щIыфэм е бзылъхугъэм и бгъэм кхъэхкIамэ, гугъуехьыншэу гу лъыптэнущ, ауэ кIуэцIым щыIэмэ, къыпхуэмыщIэурэ хотIасэ.

Лышхым и лIэужьыгъуэхэр

ЦIыхум лышхыр къеуэу хъыщахутам деж «лIэужьыгъуэ» псалъэр дыщIагъу. Лышх шыкъырым зэрызыгъужьар къыгъэлъагъуэу араш абы. КхъэзрыгъэкI цIыхум ищIэр лIэужьыгъуиплIщ икIи псом хуэдэу еплIанэм нэхъ щощынэ, ауэ дохутыр эм нэхъыбэу зыщхьэщагъэкI лышхыр:

●0 лIэужьыгъуэм деж лышхыр къыщыIунэхуа щIыпIэм иджыри кхъэхщыркъым, хэхъуакъым, ауэ Iэмал гуэркIэ къахутэмэ, лъэужьыншэу яхуогъэхъуж;

●I лIэужьыгъуэм деж Iэпкъ-лъэпкъым лышх шыкъыр зэрыхэлъыр къэгъэтыгъуейкъым, сыту жыIэпэмэ, хохьуэри зыкъуегъащIэ. Апхуэдэ лIэужьыгъуэм деж лышхым Iэпкъ-лъэпкъыр зэщIищтэну (метастазэ) хунэскъым, и чэзум уеIэзэн щIэбдзэмэ, хъужьыкIэ угугъэ хъунущ;

●II лIэужьыгъуэм деж шыкъыррыр нэхъ ин мэхъу, кIуэцIрыкIым щыщу нэхъ зыпэгъэнгъуэхэми хохьэ. НобэкIэ нэхъыбэу къахутэр II лIэужьыгъуэм ит лышхыр араш. КъыхэгъащIэпхъэщ II лIэужьыгъуэр гъэхъужьныжьыкIэ екъуIэныгъэфIэхэр зэрыщцIэр;

●III лIэужьыгъуэм деж лышх шыкъырыр инщ, кIуэцIфэцIхэм щыщхэм, лимфоузелхэмрэ лъымрэ хэтщ. Апхуэдэм деж лышхыр кхъэуэгъэвыIэнымрэ сымаджэр яхуэгъэхъужьныжьмрэ куэдым елъытащ: шыкъырыр зыхэлъым, цIыхум и узыншагъэм, ныбжьым, нэгъуэщIхэми. III лIэужьыгъуэр щагъэхъужьи щыIэщ, операцэм Iэпкъ-лъэпкъыр пэмыльэщу цIыхур щыIи кхъужь е, операцэр сэбэп мыхъуауэ, цIыхум ар кхъуоно, адэкIи зеужь;

●IV лIэужьыгъуэр псом нэхъри нэхъ елъэщ икIи яхуэгъэхъужьыркъым: шыкъыррыр иныншхуэщ, Iэпкъ-лъэпкъым хуиту зриубгъащ, цIыхум кхъужьэжьэр узыр щхьэщыхъ хуущхъуэ зрихьэлIэныррщ. Арами, лышхым и 4-нэ лIэужьыгъуэр зыпхырыт цIыхухэр лильэс бжыгъэкIэ щыпсэужи кхъужь.

КъызыхэкIыр

Лышх узыфэм цIыхур куэд щIауэ щыгъуазэми, ар къызызэкIыр нобэр къыздэсым кхъуэщIакъым. Дауи, щыIэщ Iуэху елтыкIэ зыбжанэ. Ахэр зэхэплъхьэжрэ уриплъэмэ, цIыхум нэхъыбэу зытригъэчыныхьыр дикъэзыухъуреихь дунейм къыпкърыкI радиацэмрэ щIыуэпсыр Iей зэрыхъуамрэщ. ЩIыIэщ щIэныгъэлIхэри, цIыхубзыр вирус зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу кхъэзыльытэ. Пэжыр пэжщ - а псори зэщIыгъуу цIыхум и узыншагъэм ялогуауэ, и ДНК-м зэран хуохъу.

КъишынэмышIауэ, цIыхум кхъыдалъхукIэ хъунущ а узыр. Псалъэм папщIэ, цIыхум и адэ-анэм, адэшхуэ-анэшхуэм ефыкIамэ, езыри бэлэрыгъыкIэ Iэмал иIэкъым - а узыр анэдэлхъуу иIэнри хэлъщ.

Зэрагъэхъуж Iэмалхэр

Лышх узыр зэрагъэхъуж Iэмалу 3 ецIыху нобэрей медицинэм: операцэ, луч терапие, химиотерапие. КхъэзгъэщIапхъэщ: цIыху къэс езым и узыншагъэм, лышхым и лIэужьыгъуэм, зэрызэубгъуам, и анализхэм тещIыхьауэ иоIэзэ. Къагъэсэбэпыну Iэмалхэр зыхуэдэнуи и унафэр дохутыр зыбжанэм ящI, зочэнджэщри.

Лышхыр кхъззрахутэу, занщIэу еIэзэн щIадзэ. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, ищхьэгъэкIэ кхъззрыхьэдгъэщащи, «Iейр» псынщIэу хохьуэ, зэман дэпхынкIэ Iэмал иIэжьым.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ узыкIэлъыплъыжьыми. Дуней псор къапщтэмэ, 2003 гъэм лышх узыр зэфIэкIхэм я бжыгъэр цIыху мелуани 10 ирикъурт, 2023 гъэм а бжыгъэр мелуан 16-м нэсыну жаIэ. Ар къэмыхъун папщIэ, дохутыр-хэр кIэщI-кIэщIурэ зыкIэлъыгъэплъын хуейщ - лышхым и 1 - 2-нэ лIэужьыгъуэхэр хъарзынэу къахутэ икIи яхуохъэхъуж, хэбгъэтIасэмэ - ухъужьыр нэхъыбэм елъытащ.

А узыфэ шынагъуэр зыпкърыхэм я бжыгъэр Европэм процент 20-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ, цIыхухэм тутын ефэн щагъэтэжа, я щхэкIэр тэмэму зэтраубла, дыгъэм нэхъ зыщахьумэу щIадза нэужь.

ЦIыхум и кIуэцIым лышхыр къыщыкъунэхуамэ, хэтIэсэху зыкъригъащIэкъым, къыззэремыуэзым, ззэремыIуэсфым, зэрымылагъум, шыкъырыр Iэпэкlэ къыззэрымыхутэфым къыхэкIыу. Апхуэдэу тхьэмащIыгъур процент 69-кIэ, чэр - 66,7-кIэ, тхьэмбылыр - 35,6-кIэ, льатэр - 34,4-кIэ, кIэтIийр - 29,4-кIэ хэтIэсауэ къыщахутэ Къэбэрдей-Балъкъэрым. ИрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къыззрагъэлъэгъуамкIэ, хэтIэсэху зэкъэрагъэ процент 54,6-р къыхэкIар узыр зэрызыхьэмышIэрщ, 36,9-р - хэсэу, ауэ къэфIэмылIуэхуу, зэман ямылэу е сымаджэхэм я къуаншагъэщ, процентри 6,4-м - зрагъэплъын ядахxакъым, процентри 2,1-м - зэман кхуэдIуэрэ кIэлъыплъу кърашэкIыурэ хагъэтIэсащ.

Бжыгъэхэр

Къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъагъэмкIэ, лышх узыфэр гъэхъужьныжьмкIэ дуней псом япэ зэрыщIыгъыр Израилыр аращ. Абы я Iэмэпсымэхэр нэхъ лъэщщ, узым и лIэужьыгъуэри нэхъ тэмэму зэхагъэкI.

Урысейр къапщтэмэ, цIыхухэр нэхъыбэу зыхьыр гу узыр араш, етIуанэ увыпIэм щытщ лышхыр. Псалъэм папщIэ, Чувашием цIыху мин 24,8-м къофыкI а узыфэ шынагъуэр. Апхуэдэу лышхыр щыетащ Челябинскэ областым. Ди жагъуэ зэрыхунщи, сымаджэ хъухэм я бжыгъэр процент 10-кIэ хохьуэ илъэс къэс.

Языныкъуэхэм жаIэ лышх узыфэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэмокъуэ Барэсбий**.

♦1950 гъэм къалъхуащ парт, къэрал лэжьакIуэ, республикэм и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэу, КъБР-м и къэрал чэнджэщагъуэу щыта, УФ-м щыхь зиIэ и ухуакIэ **Бозий Натбий**.

♦1952 гъэм къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысейм транспортымкIэ и академиемрэ и действительнэ член **Зекъуэрей Аслъэн**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэзэщ.**

Дунейм щыхъыбархэр

Iуэхущ1анIэхэр зэдолажьэ

УФ-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр Мурашкэ Михаилрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и унафэщI Цивилевэ Аннэрэ я нэIэ щIэт ведомствэхэр зэрызэдэлэжьэнумэ теухуауэ зэгурыIуэныгъэ зэращылIащ.

АХЭР тепсэльыхьащ зауэ Iуэху хэхам и ветеранхэмрэ абы хэкIуэдахэмрэ, абыхэм я унагъуэхэм медицинэ и лъэныкъуэкIэ зыхуэныкъуэ псори яхуэщIэныкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм. Абыхэм я къэхагъэщIащ цIыхухэм я узыншагъэр зэфIэгъэувэжьыным кIэлъыплъыным и мызакъуэу, сыт щыгъуи хущхъуэкIэ, медицинэ хьэпшапхэмкIэ, психолог-психотерапевт дэIэпыкъуныгъэкIэ къызэрызэгъэпэщыпхъэр, апхуэдэуи фондыр къэралым и медицинэ Iуэхущ1анIэ псоми зэрадэлэжьэн хуейми и гугъу яIащ1.

Мурашкэ Михаил жиIащ фондым и Iуэхур дэIыгъныныкIэ я министерствэр сыткIи щIэгъэкъуэн зэрыхъунур, абы и лъэныкъуэкIи а щIалэхэми абыхэм я унагъуэм щIэсхэми я узыншагъэм кIэлъыплъыным хуэунэгъэ лэжьыгъэ пыухыкIакIэ зэрагъэбелджылар. А лэжьыгъэм кхъжашащ къэралым и медицинэ, щIэныгъэ центр пашэхэр, апхуэдэу щIыналъэхэми щыIэ клиникэхэри Iуэхум хуагъэзэжащ.

Цивилевэ Аннэ жиIащ Iэнатlэхэр зэгурыIуэу зэдэлажьэмэ, зауэ Iуэху хэхам хэтахэм хуащIэ дэIэпыкъуныгъэхэр нэхъ тынщу зэрызэфIэкIынур икIи кхъихьэщащ хэкум, абы и цIыхухэм я хуитныныгъэм и щхьэщыжакIуэхэм я гъащIэр тынш ящыщIынур я кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

ПIалъэр наIуэкъым

Украинэр куэд щIауэ зэущIокъу НАТО-м хьыхьэну, ауэ зэгухьэныгъэм хэтхэм абы и Iуэхукlэ унафэ пыухыкIа къащтакъым.

«КЪАЛЭН нэхъыщхьэу иджыпсту къэувыр Украинэр зи щхьэ хущытыж къэралыгъуэу къэнэн зэрыхуейщ, ар къэмыхъумэ, НАТО-м хэгъэхьэным теухуа упщIэмэ мыхьэнэ иIэжкъым. Дэ щэч кхытетхьэрэкъым Украинэр, гува-щIэхэм, зэгухьэныгъэм зэрыхьхьэнум. Ауэ ар къыщыхъунур пыухыкIаэ къыхсухэгъэлъэгъэныкъым», - щыжиIащ Мюнхен щынагъуэм щагъэмкIэ щекIуэкIа конференцым НАТО-м и секретарь нэхъыщхьэ Столтенберг Йенс.

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ зауэ Iуэху хэхам Урысейм текIуэныгъэр щызыIэримыыгъэхьэн папщIэ, зэгухьэныгъэм хэт къэралхэм Киев дэIыгъыным я къару псори хуагъэпсын зэрыхуейр, къыщынэмыщIауэ, зэIущIэм хэтхэр къыхуриджащ я щIыналъэхэм я щынагъуэншагъэм папщIэ гъэнапкъэхэр хъумэным нэхъ егугъуну.

♦Яфlэкlэуэда сабийхэм я дунейпсо махуэщ

♦УФ-м щагъэлъапIэ Филологым и махуэр

♦1922 гъэм къалъхуащ юстициэмкIэ къэрал чэнджэщагъуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Ансокъуэ Мухьэрбий**.

♦1923 гъэм къалъхуащ Социалист Лжьыгъэм и Лы-хъужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Къамбий Мухьэб**.

♦1932 гъэм къалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубз усакIуэ **Тут Михаил**.

♦1940 гъэм къалъхуащ тхакIуэ, журналист, КъБР-м и Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Гуащэм и хабзэр нысэм и бзыпхъэщ.

Экономикэ ★ Политикэ ★ Жылагъуэ

Махуэку

«Моссад»-р дунейм къызэрытехьар

Израилым и «Моссад» тIасхъэщIэх Iэхъущ1апIэр дунейм щыгъэхъ лъэщхэм ящыщщ. Ар апхуэдэ IуагапIэм нэсыгъэсари Витебск (Белоруссие) къалэм къыщалъхуа Харэль Исерщ. Дэлэжьа псоми жаIэ а цIыхур ткIийуэ икIи зыми емыдаIуэ унафэщIу щытауэ. Пэжу, апхуэдэ тIасхъэщIэх Iэнатlэ къызэбгъэпэщын папщIэ нэгъуэщIуи ущыт хъуну къыщIэкIынутэкъым.

ГАЛЬПЕРИН Изя (апхуэдэ цIэ-унэцIэ Харэль Исер зэрихьат Палестинэм Iэпхъуэн ипэкIэ) дунейм къытехьащ 1912 гъэм. Абы и адэ Натан динцIэкъу унагъуэм къыхэхькIат. Варшавэ журт дин школыр къыщIуха иужь кулдым я гугъат ар раввин хъуным хущIэкъуну. АрщхьэкIэ Натан пасэ дыдэу щхьэгъуэз ищIащ завод зыбжанэ зиIэ къулейм ипхъу Левинэ Иохевед. Щыкъу адэм и малъхъэ нэбжьащIэм ираташ Витебск щIэ заводыр. Арати, Натан раввиным и лъагъуэм къытекIащ.

1922 гъэм Гальперинхэ я унагъуэр Даугавпилс (Латвие) Iэпхъуэн хуей хъуащ - абыхэм я мылькыр кIанэ щымыIэу большевикхэм трахат.

1928 гъэм илъэс 16 зи ныбжь Гальперин Изя «Ха-Шомер ха-Цаир» сионист зэгухьэныгъэм хыхьащ икIи Палестинэм зэрыIэпхъуэным зыкъигъэхьэзыру щIидзащ. Ауэ ятIащIыкIэ и ныбжьэгъуэхэм я гъусэу Ригэ и гъунэгъуу щIыIэ журт хьэблэм илъэсым нэблагъэкIэ щылажьащ мэкъумэшым пэрыту. 1929 гъэм и шыщхьэIуэм Хеврон хъэрпхъэм щаукIащ журт 67-рэ, цIыху 500 хуэдизым кьалэр ябгынэн хуей хъуащ. Иярэ и ныбжьэгъуэмрэ мурад яцIат икIэщIыпIэкIэ Палестинэм кIуэуэ езыхэм динкIэ я къуэшхэр яхъумэну.

Палестинэм а зэманым щэхуу щылажьэрт «Хагана» журт зэгухьэныгъэр. Палестинэм кIуэ щIалэщIэхэм кIэрахъуэ зыбжанэ ираташ щыналъэм нэса иужь аxэр я гугъу тщIы зэгухьэныгъэм хэтхэм Iэрагъэхьэну. АрщхьэкIэ щылналъэхэр зи унафэм щIэт инджылыз властхэр къэIэпхъуэхэм ткIийуэ кьакIэлъыплъу кьыщIэкIащ. Iэщэ къыздэкъуакIэр къуэхьым ирагъэкIыртэкъым. КIэрахъуэхэр зыIыгъ журтхэм я нэхъыбэм ахэр псым хадзэрт. Харэль Исер и кIэрахъуэр хьIфIидзакъым, атIэ ар щIакхъуэ псом и кум иригъэпщкIуащ.

Исер Палестинэм щыпсэуащ Тель-Авив и гъунэгъуу. Абы ивритыбзэр псынщIэу зригъэщIащ, ауэ урыс къэпсэльыкIэр зэи хэзыхэнакъым. ЩIыпIэщIэм Исер къыщицIыкуащ щхьэгъуэз хуэхъуэ Ребекка. Иужьк1э и ныбжьэгъуэхэм яIуэтэжащ псэуху Исер цIыхуитIым ФIэкIа я унафэ щIэмытауэ: и гъунэгъуэхэм Амазонкэ зыфIащуа и щхьэгъуэсэрэ Израилым и премьер-министр Бен-Гурионрэ.

1935 гъэм Исер и фызымрэ абы и щыпхъуэмрэ я гъусэу Альяджьим Iэпхъуащ. Унагъуэр зэхьарынэу псэурт.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм щIидзэ иужь Харэль езым ФIэфIу Британиеи и дзэм хыхьащ. АрщхьэкIэ нэмыщIауэ езэуэну абы къыхуихуакъым. 1940 гъэм Исер инджылыз офицер ибэрэжащ ар журтхэм я бийуэ зэрыпсэльам кьыхэкIыу икIи зигъэпщкIун хуей хъуащ. 1944 гъэр късыху ар «Хаганкэр» гупым хэтащ, абы пыщIауэ къызэрагъэпэща «Шерут едиот» зэгухьэныгъэм хыхьащ, Арат Израилым и япэ тIасхъэщIэх Iэхъущ1апIэ хъужри.

1946 гъэм Харэль Журт дивизионым и унафэщI хъуащ. Абы и кьалэнт езы зэгухьэныгъэм и шынагъэншагъэм кIэпIыпIуну. Мыгувэу абы псори еджэ хъуащ Исер ЦIыкIykIэ - зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэм а зэманым кьулыкъущхьэ щызыIыгъа Беери Исер «Ин» фIащат. Израилым цIыхухэр я цIэхэмкIэ фIэкIа щызыщэжрэкъым. Арати, зэхамыгъэгъуэщэн папщIэ зыр ЦIыкIу, адрейр Ин хъуащ.

Инджылызэр кIуэжа, Бен-Гурион Израиль къэралыгъуэр Сталин и фIыгъэкIэ кьызэригъэпэща иужь Журт дивизионыр къэрал кIуэуэ IэхъуэхмкIэ Iэхъущ1апIэ хъуащ.

Тхъэмахуэ зэхуэку зыбжанэ фIэкIа дэмыкIыу къэралым и щахрылажьэ Iэхъущ1апIэхэри къызэрагъэпэщащ. Ахэр плIыуэ зэхэтт. Политикэ разведкэм «Моссад» цIэр фIащащ икIи абы и унафэщI хъуащ Шиолах Реувен. АрщхьэкIэ ипэжыпIэкIэ абы властыр щызыIэщIэлъыр Харэлт. Исер ЦIыкIуц езы «Моссад»-р зэфIэзэгъуэвар. Ауэрэ «Моссад»-р Израилым и щахурылажьэ Iэхъущ1апIэ псоми я нэхъыщхьэхъуащ икIи абы и унафэщIу Харэль Исер ягъуэщ, Иджы ар и лъэкIыныгъэкIэ къэралым и етIуанэ цIыхут. Хэбгъэзыхьмэ, яIуэтэжырт ар езы Бен-Гурион нэхъ нэхъ лъэщыжу. Харэль къызэIуиха школ щхьэхуэхэм тIасхъэщIэх хъунухэр щагъасэрт. Псом япэу яхуигъэувыр хьэрэмыгъэншагъэрт, я хэкур фIыуэ яIьагъунырт. Абы апхуэдэу къызэригъэпэщащ «Кидон» цIэрыIуэри - Израилым и бийхэр яуKIыну пщэрыльэ щащIа зэгухьэныгъэри.

«Моссад»-м и Iэтащхьэ Харэль Исер и унафэм щIэту ирагъэкIуэкIа нэхъ Iухэуцуэ дыдэу щытащ фашист Германием и зэманым журт мелуанэхэр зэрыхэкIуэдамкIэ къуаншэ Эйхман Адольф къэдыгъуным теухуар. ЕтIуанэ дунейпсо зауэр ирихьа иужь Эйхман зигъэпщкIуфат. 1960 гъэм «Моссад»-м хъыбар кьыIэрихьащ лIыукIэр (апхуэдэт Эйхман Израилым щыфIащ цIэр) Аргентинэм щыпсэууэ. Шэч гуэри хэлътэкъым нацистхэм я Iупэфlэгъуэ щыта аргентинэ властхэм Эйхман къызэрамытыным. Абы къыхэкIыу Харэль мурад ищIащ ар къидыгъуэу щэхуу Израилым къигъэсыну.

Iэхэур хуабжьу егупуу ягъэхьэзырращ. Аргентинэм нэхъыбэру щыпсэкIуэ унэцIэхэм яцIыщ зезыхьэ Эйхман къадыгъуфащ икIи и судыр Израилым щащIащ. Къаугъэшхуэ къызэрыхьеями, Аргентинэм Израилым къыхуиIэ дипломат зэпыщIэныгъэхэр къызэрыпсэуам журтхэр игъэшынакъым. Эйхман и Iэхэум, Нюрнберг щекIуэкIа судым кьыкIэрымыкIыу, Iэуэлъауэшхуэ кьыкIащ. Эйхман и судыр ykIкIа ящIа иужь абы и хьэдэр ягъэсри сахуэхэр Израилым и щыналъэм ирашащ икIи абдеж жьым щыхауГIыпщхьащ.

И кьыщыхьыр пэрытыху Харэль Исер хуэзфIэкI псори ищIащ, езыр зи унафэщI Iэхъущ1апIэр дуней псом кьыщалъытэ къарум хуигъэкIуэн папщIэ. Харэль Исер и ныбжьыр илъэс 90-м нэсыху псэуащ. Ар 2003 гъэм дунейм ехьжащ.

ТекIуэныгъэм и маршал

Фэ, дауи, къэфщIащ зи гугъу тщIынур. Пэжщ, Совет Союзым и маршал, Совет Союзым плIэнейрэ и Лыхъужь Жуков Георгийщ. Шэч хэлъкъым кIуэ пэтми нэхъ тпэIэщIэ хъу Хэку зауэшхуэм дзэзешэ куэд цIэрыIуэ зэрищIам икIи ар ТекIуэныгъэ Иным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащIам. Ауэ абыхэм яхэтакъым зи акъылыфIагъкIи зэфIэкIкIи Жуковым кьыпэхъун. Ар езым хуэдэхэм япэ итт икIи псоми кьахэщIыт.

УНАГЪУЭ кьулейсызым кьыхэкIа Жуковым и вагъуэр кьыщIэкIащ КъуэкIыпIэ Жыжьэм ихъэзыригъуэ япон зэрыпхъуэкIуэхэр щыхиГъэщIа иужь. Удыныр апхуэдизкIэ уащхъуэдэмыщхъуэт икIи хьэлъэти, зигугъэ иуда иужьрейхэр афIэкIа зэи тегушхуэжакъым СССР-м кьеIуэну. Уеблэмэ езым кьыкъуэт фашист Германиер Европэ псор и гъусэу ди къэралым кьыщыпсэуну щыгъуи. Езы дзэзешэр хъ Хуэмым и Iуфэм къикIыжащ армэм и генерал хъуауэ икIи Пыхъужьым и Дышэ Вагъуэр (аракъэ «и вагъуэр кьыщIэкIащ» жьхуаIэжыр!) кьыхуагъэфэщауэ. И кьулыкъуKи дэкIуеящ лъагэ дыдэу. IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къаурхэм я Штаб нэхъыщхьэм и унафэщIу ягъэщащ. АрщхьэкIэ езыр зыхущIэкъуари зыщIэкъуэпсари апхуэдэ лэжьыгъэтэкъым, сыт хуэдиз пщIэ имыIами: ар зыхуэфащ язэ итыныгрт, нэгъуэщIу жьIпэмэ, дзэзешэ кьабзэу щытыныгрт. Абы кьыкIыртэкъым штаб лэжьыгъэм химыщIыкIыу - Хэку зауэшхуэм и зэманым зы Iухэущхуи унафэ щытращIыхьакъым Жуковыр хэмыту.

1941 гъэр Совет Союзым и дежкIэ егъэлеяуэ хьэлъэу щытащ. Хьэщэхурыпхъуэу кьытеуа бийр къаруушхуэкIэ икIи псынщIэу кьэкIуатэрт, яхуэтемыIыгъэу. Ауэ зэхэгъэкIныгъэ гуащIэр кьэсащ лъэщагъкIэ кьефэкI бий бзаджэр да къэралым и щыхьэр Москва кьыбгъэдыхьа иужь. Куэдым кьалытэрт Гитлер и дзэхэм кьащIыхьэр ябубыну, кьухьэпIэ политикэм кьабжьыгт нэмыщхэмэ ар кьыщащIэну зэманыр - зы тхъэмахуэ е махуипщI дэкIмэ... ЩытыкIэр апхуэдизкIэ хэпльэгъуэти, уеблэмэ Унафэщ Нэхъыщхьэ Сталин Иосиф зыкъыхуигъэзауэ щытащ: «Ныбжьэгъу Жуков, тхъэхъумэну дэ Москва? Сэ абыкIэ сыноупщI, си псэр узу». «Тхъэхъумэнущ, ныбжьэгъу Сталин!» - итыжащ жэуап дзэзешэм. Абы гу лъитакIэт кьебгъэрыкIуэ зэрыпхъуэкIуэхэм я къарур зэрыщIэкIым, яхуэзфIэкIыжьынутэкъым хагъэхъуэну. АрщхьэкIэ ахэр зэрыпхъуэтэным Iэзагъ инрэ ди зауэлIхэм кьыпхъумылъытэн хуэдиз я лIыгъэрэ екъэлIэн хуейт. Жуковым ар хуэзфIэкIащ. Иджы зыми щэч кьытрихьэжыркъым СССР-м и щIыхьэрыбийм зэрыIэщIамыгъэхьам абы и фIыщIэ ин зэрыхэлъым. А ехъулIэныгъэм нэгъуэщI зы мыхьэнэи иIэт: я гъуэм кьыщэрикIрэ иджы япэ дыдэ фашистыдзэхэр ирагъэкIуэтат. Абыхэм кьэс узыпэмылъэщIыну зыбгъэдэлъу щытар кьагъэувыIа кьудейтэкъым, атIэ колометрищэм щIигъэкIи кьалащхьэм Iахуат. Дуней псом кьэнгурыIащ: фашистхэри пхуэзэщIэнущ, уегугъэмэ...

Пэжу, иужькIэ Жуковыр армэм е фронтым я Iэтащхьэу зэхуэпIэ пыухыкIам пIалъэ кIыкIэ Iутакъым. Ауэ Унафэщ Нэхъыщхьэм и кьуэдзэу щыткIэрэ абы и псалъэ хэмыту зы Iухэущхуи ирагъэкIыжкIакъым: Сталиным ар игъакIуэрт щытыкIэр нэхъ щызэфIэзэрыхьа щыIпIэхэм икIи ар щызэфIихьырт. АрщхьэкIэ Берлин кьащIэм аргуэру кьыхуихуащ зихуэдэ щымыIэ дзэзешэу зэрыщытыр кьыгъэлъэтуэн. ЕпIэ Белорус фронтым и унафэщI абы и зауэлIхэр, толъкъун Iэубыдыпlэншэу, ебгъэрыкIуащ. Жуковым хуэзфIэкIащ Берлин кьыхуэпIащIэ нэмыщ1э кьару нэхъыщхьэхэр Iуигъэкlуэтын. Абы кьыхэкIыу фашистхэм я щIыхьэрыр нэхъыбэу зыхъумэжар нэхъ лъэрымыкьхэрщ, полицейхэрщ, мафIэсгъэункIыфIхэрщ, ныбжьыщIэхэрщ, уеблэмэ цIыхубзхэрщ. Абыхэм я пашэ зэсовцхэм я кьарур яхурикъужакъым.

Мыбдеж кьыщытхьын хуейщ нэгъэщIи: ебгъэрыкIуэныгъэм и нэхъ хьэпIэкIэ кьыпэщIа пэтми, Жуковыи и дзэм и хэщIыныгъэхэр зыкъомкIэ нэхъ мэщIащ, и гъусэу Берлин кьэзыщта маршалхэу Рокоссовский Константинэ Конев Иванрэ я фронтхэм яГъэтам нэхъри. Ар щыхьэт тохъуэ Жуковым Iэхъуэхэр щызэхихьэкIэ зауэлIхэм я гъащIэр хъумэным куэд трищIыкъу зэрыщытам. Ар кьыхэдмыгъэщу хъунукъым, языныкъуэ тхыдэджьэм я зэранкIэ Жуковыр хэщIыныгъэхэр кьэзымылытэта, текIуэн папщIэ цIыху хэкIуэдкнур зыхэзидзыр кьызымыдзэ гуащIэнущ я гъэр: зэрагъэнуам кьыхэкIыу, Ищхьэкъэ зи гугъу щытщIыр зэрымыпэжым белджылыуэ щыхьэт тохъуэ: ди цIыхухэм Берлин лъы нэхъыбэ щагъэжнут, Жуковым и Iэзагъыр щымыуамэ.

Дауи, Сталиным ар ауэ сытми игъэувакъым 1945 гъэм мэкъуаугъэгъэм и 24-м Москва щекIуэкIадзэпарадым и унафэщIу. Арщхьхьышхуэт икIи езым зэуфащуэ кьиIэжьат.

АрщхьэкIэ, езы Сталиным и псалъэхэм ятещIыхьмэ, Жуковым хуэдэхэм уащхуейр зэхэгъэкIныныгъэ инхэм, нэгъуэщIу жьIпэмэ, къэралыр зауэм щыхэтым и дежщ. Мамыр гъащIэм апхуэдэхэр хэзэгъащэркъым. Жуковым ар игъэунэхун хуей хъуащ. Германием щыIэ советыдзэхэм я унафэщI кьулыкъур иныгъуу ар ягъэкъэнщащ а къэралым кьрыригъэщэ фIыгъуэ куэд зыкIэщIиупщIауэ. Ар зэрымыпэжкIр сэтей кьыщыхьуар зэман дэкIауэщ, ауэ абы щыгъуэм щхьэусыгъуэ кьыкъуэкIати, агъэпудащ - Одессэ дзэ округ кьызэригъэкIым и Iэтащхьэ кьулыкъур кьратащ. Пэжщ, мыбдежми и щIыхьыр щихъумащ, пIалъэ кIэщIым а округыр нэхъыдIхэм яхигъэхьащ, уеблэмэ Одессэ пIалъэ кIыхькIэ зыгъэтхьэджэу щыта щIэпхъаджащIэ гупхэми ялъэIэсащ. АрщхьэкIэ зэрыщытамрэ иджы кьыхуагъэфэщамрэ шурэ пIьэсрэ я зэхуэкут.

Сталиныр пIа иужь я пIэм иуда Хрущёв Никитэ Жуковым и пщIэр кьиIэтыжащ, Москва ишэкри, зыхъумэжныныгъэмкIэ министру игъэуващ. Езыми щIыхьэ кьызытринакъым: ар и кьулыкъум трагъэкIыну тIэнэмрэ кьригъэлащ. ЕтIуанэм щыгъуэ, хэбгъэзыхьмэ, партым и ЦК-м и Президиумым щытрагъэкIакIэу кьызэфIэгъуэвжащ. Апхуэдэ пхуэзфIэкIын папщIэ Жуковым кьыхуащI пщIэмрэ пэжкIныныгъэмрэ уиIэн хуейт. АрщхьэкIэ гу зэхэлъыгъэкIэ илэжьа Iухэур зэрыщ кьыхуэхъуащ: Хрущёв Никитэ кьыгурыIуащ апхуэдиз зэфIэкI зиIэ цIыхум езыри тынщу и кьулыкъум тригъэкIынкIэ зэрыхъунур. Ар апхуэдэ шынагъэ хуейтэкъым. ЩхьэзыфIэфIагъ зэрихьэу, дзэм политикэ лэжьыгъэр кьыщигъэтIасхъэу игъэкъуанэщ, «лъабжьэ зиIэ» нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэр кьигупсысри, Жуковыр министр кьулыкъум тригъэкIащ, ар нэгъуэщI хэрзэ щыIэу. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ къэкIуэжу ар кьыщищIам мыдрейр еупщIащ и адъютантым:

- Хэт ныбжьыстурэ сыщыгъуэ?

- Маршал Малиновскэр.

- Сыту фIыт зэрымы-Фурцевэр,- дыджу гушыIащ Жуковыр (Фурцевэ Екатеринэ а зэманым СССР-м щэнхабзэмкIэ и министрт - *ред.*)

Мис апхуэдэу «шым кьрагъэпсыхащ» Совет Союзым плIэнейрэ и Лыхъужьыр, ди къэралым и мызакъуэу дуней псом хуабжьу щыцIэрыIуэ щIыхур. Ди дежкIэ хабзэу ижь-ижьыжь лъандэрэ кьызэрыщцкIуэкIащ, ущIэтым и деж уаIэтыIуэ, ауэ апхуэдэ дыдэуи укъыредзыхьыж. Абы иужькIэ Жуков Георгий и цIэр газет напэкIуэцIэхэм тхыдэдж тхылъхэми пIалъэ кIыхькIэ икIуэдыкIащ, абы и гугъу щащIыкIыртэкъым телевидением радиоми. Пэжщ, ипэкIэ щагъэульэиящ зэрахуэзэфIэкIкIэ.

Жуковым ираупщIа фIей къомыр щытрахыжар Брежнев Леонид СССР-м и унафэщI хъуа иужькIэщ. Кьулыкъу гуэри иратыжакъым, ар абыи хуеижтэкъым: сымаджэ, лъэрымыхьхуат, ауэ и цIэр аргуэру кьыщэкIыжащ, ягу кьагъэкIыж хъуащ. Абы и фIыгъэкIэ СССР-м и цIыхубэ артист Ульянов Михаил иГъэзащIэу и образ тельыджэр щытпльэгъуащ зауэм хэта режиссёр Озеров Юрий игъэува «Освобождение» фильм цIэрыIуэм. Ауэ псом нэхърэ нэхъ ягу ирихьащ и гукъэкIыжхэр щызэхуэхьэса «Воспоминания» тхылъыр. Пэж псори, зэрыгурыIуэгъуэщи, кьыщцIэтэж хуакъыми, ауэ, итIани, сует цIыхухэм я нэгу кьэд кьыщIигъэуващ. Абы щыгъуэми, ягуэм пхрыкIыу икIи я фIэщ хьуну.

Ещанэ пльэхэнэр кьэсащ Горбачёв Михаил и тетыгъуэм. Къэнохуа «реформаторхэм» щыхьарабгъу имыIэу хаутэрт Сталин Иосиф ищIа псори. ФIыщIэ защIэт, зы хужьыгъи хэмыту. Хэбгъэзыхьмэ, «Хэку зауэшхуэр Жуковым и закъуэ кьихьауэ» жаIэрт! Ауэ 1974 гъэм дунейм ехьжа Жуковым ар езым идэнэтэкъым - абы хуэныкъуэтэкъым. Абы кьыгурыIуэрт щытхъу лейм и уасэр, уздыныхьэсынур. И тхылъым абы жэуап щиритат псом хуэмыдэу куэдым афIэгъэщIэгъуэным: «Сталиным зыгъэр едэуэфрэт?» упщIэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, едэуэфырт. Жуковым и мызакъуэуи адрей дзэзешэхэри. Уеблэмэ щэху дыдэ Василевскэми абы и лъэныкъуэкIэ щIыхуэ кьызытринэртэкъым. ИкIи а псоми leй зыми кьыхуэхэкIыртэкъым. Сталиным кьыгурыIуэрт нэгъуэщIхэр Iэхуэм зэреплъыр кьэлъыгъэным, зэчэнджэщыным я мыхьэнэр зыхуэдизыр. Жуковым и Сталинри Горбачёв Михаил фэм зыгъэркIи ещхьгъэкъым. Жуковым и фIэщ хъурт ТекIуэныгъэр хэкауэ зыми ирахьэлIэ зэрымыхьунур: ар къэзыхьар совет зауэлIырщ, Аращ и тхылъ цIэпэр абы фэеплъ щIыхуищIари!

Ауэ езы Жуков Георгий «ТекIуэныгъэм и Маршалу» тхыдэм кьыхэнащ. Ар фIыщIэ псоми я щхьащ.

Насып къахуихьыркъым

Дэ фIыуэ долъагъу ди Iуащхьэмахуэ икIи абы дрогушхуэ, ар ди напщIи тельщ. Нарт эпосым и лыхъужь пажэ Сосрыкъуэ и зэманым тхьэхэм я зэхэзэлIэу щыта и щыгъуэ щIыхуэкIэ дэкIыфIакIыну, адыгэлI Хьэшыр Чылар лъагъуэр пхишыху.

АУЭ дэ нобэ зи гугъу тщIынур нэгъуэщI Iуащхьэмахуэщ. Пэжщ, фымыгъэщIагъэ: къызэрыщIэкIымкIэ, абы и щIэн и мыхьэнэм ещхь кьызэрыкI бгы США-ми щыIэщ. ЩIыпIэчу жьпIэмэ, Калифорние штатым и вулкан ужьыхьжа Шастэм. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, а щIыпIэм щыпсэу индейхэм мыбы фIащащ Калифорнием къэIэпхъуэ япэ урысхэм кьыздахьри, кьыIэ «счастьец», адыгэбзэкIэ, зэрытпльагъуари, «насыпц». Ауэ абдеж зэрыгъэщхьыр щеух. Iуащхьэмахуэ зэхуэмыдзу, мы уэсылъэ щIыпIэм зэпымыуэ тельыджэ гуемыIу гуэрхэр кьыщохъу, кьызыхэкIар мыгурыIуэгъуэу.

Псалъэм и хьэтыркIэ, индейхэм урагъэдзIуэфынущ Лемурие къэралыжьым теухуа хьыбар куэд икIи я фIэщу кьалъытэ абы щыщхэр а блым и кIуэцIым щыпсэууэ. Ахэр дэ дэщхь дыдэкъым: я пщэхэмрэ я Iэхэмрэ кIыхьщ, я щхьэцхэр зэфIэтщ. Ятеухуауэ нэгъуэщI зыри яцIэрыкъым. Пэжщ, дыщIагъуж, щыхуейхэм дежи абыхэм умыльагъу защIыфу, инджылызыбзэр мыIейуэ ящIа пэтми, езыхэм я бзэкIэ зэпсалъэу. Я щэнхабзэри яхьумэж, бгыи и щIыпIэм кьыщыдэкIуейри зэзэмызэщ. И кIуэцIым абыхэм кьалэ щаIэщ. Ар дыщэкIэ, нэгъуэщI фIыгъуэхэмкIэ икIи... цIыхухэм я хьэдэхэмкIэ кьуауэ ягъэхъыбар.

2016 гъэм щIыпIэм щыпсэухэм сурэтхэр трахауэ щытщIащ Шастэ бгым и щыгум пIалъэ кIыхькIэ щхьэщыта НЛО-м. Бгыщхьэм зищыысыр ямыщIау зэпымыуу зыгъэпхрэ кьыщIэщу. АрщхьэкIэ, дэкIаужи жаIэ (бгыр апхуэдизуи пьагъэкъым - метр 4332-м фIэкIыркъым) кьыщыщIуун гуэри абы и щыгум щримыхьэжащ.

Иджы дгъэзэжьынти фIыгъуэхэмкIэ зэщIэжудауэ жыхуаIэ ьэкIам. Абы и хьыбарыр ауэ сытми кьежьакъым. 1904 гъэм щIыпIэм кьэкIуащ Браун Джей Си гуэр. Ар инджылыз компаниехэм ящыщ зым кьигъэкIуат, дыщэ е щIыдагъэ кьилъхьэнуну. Зыкъомрэ кьуршхэм итащ, зэзмызэ фIэкIа кьыкъуэмыкIыу. Ауэ зэуэ бзэхащ, здэжIуар зыми кьэбжьмыIэфынуну.

Тельыджэращи, илъэс 30 дэкIа иужь, 1934 гъэм, Браун аргуэру кьыщыхутэжащ кьыщыкъуэкIауэ щыта щIыпIэм. Абы ахъшэфI иныгъ, зэмызэ фIэкIа кьыкъуэмыкIыу. Ауэ зэуэ бзэхащ, здэжIуар зыми кьэбжьмыIэфынуну.

УНАГЪУЭ кьулейсызым кьыхэкIа Жуковым и вагъуэр кьыщIэкIащ КъуэкIыпIэ Жыжьэм зыхэзрыгуэ япон зэрыпхъуэкIуэхэр щыхиГъэщIа иужь. Удыныр апхуэдизкIэ уащхъуэдэмыщхъуэт икIи хьэлъэти, зигугъэ иуда иужьрейхэр афIэкIа зэи тегушхуэжакъым СССР-м кьеIуэну. Уеблэмэ езым кьыкъуэт фашист Германиер Европэ псор и гъусэу ди къэралым кьыщыпсэуну щыгъуи. Езы дзэзешэр хъ Хуэмым и Iуфэм кьикIыжащ армэм и генерал хъуауэ икIи Пыхъужьым и Дышэ Вагъуэр (аракъэ «и вагъуэр кьыщIэкIащ» жьхуаIэжыр!) кьыхуагъэфэщауэ. И кьулыкъуKи дэкIуеящ лъагэ дыдэу. IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къаурхэм я Штаб нэхъыщхьэм и унафэщIу ягъэщащ. АрщхьэкIэ езыр зыхущIэкъуари зыщIэкъуэпсари апхуэдэ лэжьыгъэтэкъым, сыт хуэдиз пщIэ имыIами: ар зыхуэфащ язэ итыныгрт, нэгъуэщIу жьIпэмэ, дзэзешэ кьабзэу щытыныгрт. Абы кьыкIыртэкъым штаб лэжьыгъэм химыщIыкIыу - Хэку зауэшхуэм и зэманым зы Iухэущхуи унафэ щытращIыхьакъым Жуковыр хэмыту.

1941 гъэр Совет Союзым и дежкIэ егъэлеяуэ хьэлъэу щытащ. Хьэщэхурыпхъуэу кьытеуа бийр къаруушхуэкIэ икIи псынщIэу кьэкIуатэрт, яхуэтемыIыгъэу. Ауэ зэхэгъэкIныныгъэ гуащIэр кьэсащ лъэщагъкIэ кьефэкI бий бзаджэр да къэралым и щIыхьэр Москва кьыбгъэдыхьа иужь. Куэдым кьалытэрт Гитлер и дзэхэм кьащIыхьэр ябубыну, кьухьэпIэ политикэм кьабжьыгт нэмыщхэмэ ар кьыщащIэну зэманыр - зы тхъэмахуэ е махуипщI дэкIмэ... ЩытыкIэр апхуэдизкIэ хэпльэгъуэти, уеблэмэ Унафэщ Нэхъыщхьэ Сталин Иосиф зыкъыхуигъэзауэ щытащ: «Ныбжьэгъу Жуков, тхъэхъумэну дэ Москва? Сэ абыкIэ сыноупщI, си псэр узу». «Тхъэхъумэнущ, ныбжьэгъу Сталин!» - итыжащ жэуап дзэзешэм. Абы гу лъитакIэт кьебгъэрыкIуэ зэрыпхъуэкIуэхэм я къарур зэрыщIэкIым, яхуэзфIэкIыжьынутэкъым хагъэхъуэну. АрщхьэкIэ ахэр зэрыпхъуэтэным Iэзагъ инрэ ди зауэлIхэм кьыпхъумылъытэн хуэдиз я лIыгъэрэ екъэлIэн хуейт. Жуковым ар хуэзфIэкIащ. Иджы зыми щэч кьытрихьэжыркъым СССР-м и щIыхьэрыбийм зэрыIэщIамыгъэхьам абы и фIыщIэ ин зэрыхэлъым. А ехъулIэныгъэм нэгъуэщI зы мыхьэнэи иIэт: я гъуэм кьыщэрикIрэ иджы япэ дыдэ фашистыдзэхэр ирагъэкIуэтат. Абыхэм кьэс узыпэмылъэщIыну щыгъэдэлъу щытар кьагъэувыIа кьудейтэкъым, атIэ колометрищэм щIигъэкIи кьалащхьэм Iахуат. Дуней псом кьэнгурыIащ: фашистхэри пхуэзэщIэнущ, уегугъэмэ...

Пэжу, иужькIэ Жуковыр армэм е фронтым я Iэтащхьэу зэхуэпIэ пыухыкIам пIалъэ кIыхькIэ Iутакъым. Ауэ Унафэщ Нэхъыщхьэм и кьуэдзэу щыткIэрэ абы и псалъэ хэмыту зы Iухэущхуи ирагъэкIыжкIакъым: Сталиным ар игъакIуэрт щытыкIэр нэхъ щызэфIэзэрыхьа щыIпIэхэм икIи ар щызэфIихьырт. АрщхьэкIэ Берлин кьащIэм аргуэру кьыхуихуащ зихуэдэ щымыIэ дзэзешэу зэрыщытыр кьыгъэлъэтуэн. ЕпIэ Белорус фронтым и унафэщI абы и зауэлIхэр, толъкъун Iэубыдыпlэншэу, ебгъэрыкIуащ. Жуковым хуэзфIэкIащ Берлин кьыхуэпIащIэ нэмыщ1э кьару нэхъыщхьэхэр Iуигъэкlуэтын. Абы кьыхэкIыу фашистхэм я щIыхьэрыр нэхъыбэу зыхъумэжар нэхъ лъэрымыкьхэрщ, полицейхэрщ, мафIэсгъэункIыфIхэрщ, ныбжьыщIэхэрщ, уеблэмэ цIыхубзхэрщ. Абыхэм я пашэ зэсовцхэм я кьарур яхурикъужакъым.

Мыбдеж кьыщытхьын хуейщ нэгъэщIи: ебгъэрыкIуэныгъэм и нэхъ хьэпIэкIэ кьыпэщIа пэтми, Жуковыи и дзэм и хэщIыныгъэхэр зыкъомкIэ нэхъ мэщIащ, и гъусэу Берлин кьэзыщта маршалхэу Рокоссовский Константинэ Конев Иванрэ я фронтхэм яГъэтам нэхъри. Ар щыхьэт тохъуэ Жуковым Iэхъуэхэр щызэхихьэкIэ зауэлIхэм я гъащIэр хъумэным куэд трищIыкъу зэрыщытам. Ар кьыхэдмыгъэщу хъунукъым, язныкъуэ тхыдэджьэм я зэранкIэ Жуковыр хэщIыныгъэхэр кьэзымылытэта, текIуэн папщIэ цIыху хэкIуэдкнур зыхэзидзыр кьызымыдзэ гуащIэнущ я гъэр: зэрагъэнуам кьыхэкIыу, Ищхьэкъэ зи гугъу щытщIыр зэрымыпэжым белджылыуэ щыхьэт тохъуэ: ди цIыхухэм Берлин лъы нэхъыбэ щагъэжнут, Жуковым и Iэзагъыр щымыуамэ.

Дауи, Сталиным ар ауэ сытми игъэувакъым 1945 гъэм мэкъуаугъэгъэм и 24-м Москва щекIуэкIадзэпарадым и унафэщIу. Арщхьхьышхуэт икIи езым зэуфащуэ кьиIэжьат.

АрщхьэкIэ, езы Сталиным и псалъэхэм ятещIыхьмэ, Жуковым хуэдэхэм уащхуейр зэхэгъэкIныныгъэ инхэм, нэгъуэщIу жьIпэмэ, къэралыр зауэм щыхэтым и дежщ. Мамыр гъащIэм апхуэдэхэр хэзэгъащэркъым. Жуковым ар игъэунэхун хуей хъуащ. Германием щыIэ советыдзэхэм я унафэщI кьулыкъур иныгъуу ар ягъэкъэнщащ а къэралым кьрыригъэщэ фIыгъуэ куэд зыкIэщIиупщIауэ. Ар зэрымыпэжкIр сэтей кьыщыхьуар зэман дэкIауэщ, ауэ абы щыгъуэм щхьэусыгъуэ кьыкъуэкIати, агъэпудащ - Одессэ дзэ округ кьызэригъэкIым и Iэтащхьэ кьулыкъур кьратащ. Пэжщ, мыбдежми и щIыхьэр щихъумащ, пIалъэ кIэщIым а округыр нэхъыдIхэм яхигъэхьащ, уеблэмэ Одессэ пIалъэ кIыхькIэ зыгъэтхьэджэу щыта щIэпхъаджащIэ гупхэми ялъэIэсащ. АрщхьэкIэ зэрыщытамрэ иджы кьыхуагъэфэщамрэ шурэ пIьэсрэ я зэхуэкут.

Сталиныр пIа иужь я пIэм иуда Хрущёв Никитэ Жуковым и пщIэр кьиIэтыжащ, Москва ишэкри, зыхъумэжныныгъэмкIэ министру игъэуващ. Езыми щIыхьэ кьызытринакъым: ар и кьулыкъум трагъэкIыну тIэнэмрэ кьригъэлащ. ЕтIуанэм щыгъуэ, хэбгъэзыхьмэ, партым и ЦК-м и Президиумым щытрагъэкIакIэу кьызэфIэгъуэвжащ. Апхуэдэ пхуэзфIэкIын папщIэ Жуковым кьыхуащI пщIэмрэ пэжкIныныгъэмрэ уиIэн хуейт. АрщхьэкIэ гу зэхэлъыгъэкIэ илэжьа Iухэур зэрыщ кьыхуэхъуащ: Хрущёв Никитэ кьыгурыIуащ апхуэдиз зэфIэкI зиIэ цIыхум езыри тынщу и кьулыкъум тригъэкIынкIэ зэрыхъунур. Ар апхуэдэ шынагъэ хуейтэкъым. ЩхьэзыфIэфIагъ зэрихьэу, дзэм политикэ лэжьыгъэр кьыщигъэтIасхъэу игъэкъуанэщ, «лъабжьэ зиIэ» нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэр кьыгупсысри, Жуковыр министр кьулыкъум тригъэкIащ, ар нэгъуэщI хэрзэ щыIэу. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ къэкIуэжу ар кьыщищIам мыдрейр еупщIащ и адъютантым:

- Х

Музейхэм я жэщ

● Гъэзджэ

Хабзэ зэрыхъуаэ, Музейхэм я жэщыр щагъэлъапІэ, накъыгъэм и 20-м ирихьэлІэу зэхьыхэ щІэщыгъэхэр къызэрагъэпэщ УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ Урысейм ис лъэпкъхэм я хъугъуэфыгъуэхэмрэ хабзэхэмрэ хъуэмэным хухэха «Культура.РФ» порталымрэ зэщІыгъуу. Мы гъэм а Іуэхур тхыдэм нэхъ тегъэщІауэ щытащ.

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, а пщыхьэщхьэм музейхэр, сурэт галереехэр, щэнхабзэ ІуэхущапІэхэр мэлажьэ. Ахэр зыхущІэкъуэри щІыхь нэхъыбэ кърашалІэу, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр, хуэсакъыу яхъумэ хъугъуэфІыгъуэхэр, хьэпшыпх лъапІэхэр ягъэпэгъуэну, щІапхъэу къалытэ цІыху цІэрыІуэхэр, лІыхъужьхэр ирагъэщІыхуну, тхыдэ къэхъугъэхэм хагъэгъуэзну аращ.

Республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ мы жэщым Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр къыхуэзрагъэпэщащ, я ныбжьыкІи зыпэрыт лажьыгъэми емыльытауэ псоми гъэщІэгъуэн ящыхьуну. Псалъэм папщІэ, КъБР-м и Лъэпкъ музейм щекІуэкІащ «Музейхэм я жэщыр». Музейм и пэІущІэ пэшым щагъэуващ Къбэрдей-Балъкъэрым и музей Іуэхум и тхыдэм, Лъэпкъ музейм и лажьыгъэр зэрызэфІагъэувам, абы и лъабжьэр зэрыгъэтІылъа цІыхухэм ятеуауэ «Наши педагоги-наставники», «Кабардино-Балкария. Путь через века» выставкэхэр.

Музейм и къудамэм и унафэщІ Буринэ Миленэ яригъэлъэгъуащ «Кабардино-Балкария: путь через века» выставкэр. Музейм и пэ къатым щагъэлъагъуэ «Рерихи и Кавказ», ятІэнэ къатым - «Налшык - зауэлІ щІыхьым и къалэщ» выставкэхэр.

Лъэпкъ музейм и фондым щахъумэ хьэпшыпхэр къызытещ пощт картэхэр а махуэм «ягъэсащ». КъыкІэлъыкІуэу, Іуэхум хьыхьу ягъэпэжащ Лъэпкъ музейм дэлажьэ ныбжьыщІэ жьджэрхэр. Лъэпкъ музейм и щІыхь тхылъыр ираташ сабий творчествэмкІэ «Дыгъафэ къалэ» академием и еджакІуэхэм, «Шэху уэздыгъэ» литературэ студием и гъэсэнхэм.

Музейм и унафэщІ Накуэ Феликс къытеувыІащ иджыпсту зэлэжь гъэлъэгъуэныгъэм, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм ятеухуауэ щытынут.

Тканенко Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщ Іуэуздзжэмкіэ музейм щагъэуващ «История, эпоха, люди» выставкэр.

Вовчок Маркэ и цІэр зезыхьэ фэеплъ унэ-музейм щекІуэкІащ «Школа не была их работой. Школа была их жизнью» зэІущІэр. Ар теухуауэ щытащ Бэрэгъунэхэ я егъэджакІуэхэм.

Котляревскэ станицэм и музейм щагъэлъэгъуащ «Здесь живёт история» выставкэр. Абы щатащ «Счастье своими руками» мастер-классыр. Зэхьыхэр щиухым абы хэтахэр ирагъэпплъащ «Новь станицы Котляревская» фильмым.

Прохладнэ къалэмэ щыпащащ урысейпсо зэхьыхьэхэм. Къалэм и тхыдэ-лъаэхэхутэ музейм щекІуэкІащ «Учитель, перед именем твоим» зэІущІэр. Щэджэм къалэм КІыщокъуэ Алим и цІэр зезыхьэ и тхыдэ-лъаэхэхутэ музейм щекІуэкІащ «Пока черкесским веет ветром, сиять мне пламенным огнём» зэІущІэр. Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ фэеплъ унэ-музейм щызэхэтащ «Солдаты Победы» гукъэкІыж пшыхьыр. Гущдэлэн къуажэм Отаров Омар и цІэр зезыхьэ и тхыдэ-лъаэхэхутэ музейм щагъэлъагъуащ «История одной коллекции» зыфІащагъ. Май районым и тхыдэ-лъаэхэхутэ музейм щекІуэкІащ «Педагог - не звание, педагог - призвание» лекцэр. Дзэлыкъуэ районым и тхыдэ-лъаэхэхутэ музейм - «История селений Лесгор и Брунненталь» пшыхьыр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Іэпщацэм «Рубин»-р премьер-лигэм хешэж

2018 гъэм футболымкІэ и дунеІпсо чемпионатым и зэІущІэм щыщхэр щекІуэкІа Калининград и стадион нэхъыщхьэм щабэт кІуам щызэпэщІуэват ятІэ лигэм бжьыпэр щызэпызыубыда щыпІэ «Балтика»-мрэ Къэзан икІа «Рубин»-мрэ. ЗэІущІэнт а тІум я зэныкъуэкъуныгъэм кърикІуэнур адыгэ щІалэщІэм иубзыхуну?!

Іэпщацэ Марат (я кум дэтщ) Калининград щыдигъэкІа топым къыдэдзэгухэр щогуфыкІ.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и ятІэ лигэм дэнэ къыщына, премьер-лигэм и стадионхэми куэд щІауэ щамыпъэгъуэ цІыху мин 32-рэ 682-рэ (1) еплъыну къыздрихьэлІа зэІущІэм зэхигъэкІи хуейт пашэныгъэр иБГ-ныу зэхьэзэхуэр зэпкъуныр хэтащ. Абы и мыкъэнэр кІалытауэ джэгур зэрекІуэкІыр эфир занщІэкІэ «Матч ТВ» федеральнэ каналым къигъэлъагъуэрт.

Дэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэхэр, ятІэ лигэм и пашэныгъэ я зэпэщІэтыныгъэм кьрикІуэнум дриплЕйтейт, ди лъахэгъу Іэпщацэ Марат Тэтэрстаным и командэ нэхъыщхьэм зэрыхэтым къыхэкІыу. Дыхуейт адыгэ щІалэщІэм и зэфІэкІ льагэр абы щигъэлъэгъуэну. Арщхьэкіэ ди хъуэпсапІэ нэхъ ин дыдэхэми ар ефІэкІыжащ. Джэгум и ятІэ Іыхьэм къыщІагъуэ дакъикъэ етІуанэр екІуэкІырт Іэпщацэм топыр къыщыбзыхьам. ГІуэр пэжыжьэ пэтми, напІэзыпІэм ар абы еуащ икІи хэгъэрейхэм я гъуащхьэтетым зыкІэлъидза пэтми пъэмыІэсу, бжьыгэр къызэІуихащ. «Калининград» стадион абрагъуэм ис «Балтика»-м дэщІ щІыху минхэр, бадзэ лъэтамэ зэхэпхыну, щым хъуащ. ГуфІэгъуэр зезыхьэр телевизоркІэ зэІущІэм кІэлъыплъ Тэтэрстаным и командэм и тельхьэхэмрэ адыгэ щІыналъэхэм щыпсэухэмрэт.

Іэпщацэм дигъэкІа топ зэкъуэм джэгум кьрикІуэнур иубзыхуащ 1:0-у текІуэри, «Рубин»-м бжьыпэр зыІэригъэхьащ икІи премьер-лигэм щыджэгуну Іэмал иГъэтащ. КъищынэмыщІауэ, къззандзсхэм ятІэ увыпІэр яІыгъыу зэхьэзэхуэр иухмэ (джэгугъуитІ къэнэжауэ аращ) я командэм и футболистхэм псоми зэхэту сом мелуан 40 саугъэту иратынущ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, 2021 гъэм и кІэуухым Іэпщацэ Марат Хъэзан и «Рубин»-м зэгурыІуэныгъэ дрищІыпІащ илъэси 4,5-кІэ хэтыну. 2022 гъэм мазаем (февралым) и 28-м премьер-лигэм ятІэу щыджэгущ, къэралым и чемпион «Зенит»-м Санкт-Петербург щыІущІэу. ИужькІэ, мыгувэу, къззандзсхэм Урысей Федерацэм футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм бгынащ икІи илъэс дэкІуэу абы ягъэзэж, Іэпщацэ Марат зыкъомкІэ и фІыгъэ хэлъу.

Тэтэрстаным и командэ нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм щынэхъ лъэщхэм ящыпсы зыш икІи къэралым щекІуэкІэ зэхьэзэхуэхэм увыпІэфІ дыдэхэр куэдрэ щиубыдащ, Европэм мызэмытІэу лъэщу зыкъыщигъэлъагъуащ. Израильм щыпсэу адыгэжьм кьахэкІа Натхъуэ Бибрэс абы щыІэ джэгуущ нэхъыфІу кьызэрыпыхуар икІи ятІэ ехъулІэныгъэ инхэр Хэкужьым щиІар.

Фызэрыщыдгъэзгуэзауэ щытащи, Іэпщацэ Марат 2021 гъэм и гъатхэм Іэ тридзат Ростов областым и щІыхьыр ихъумэу Урысей Федерацэм футболымкІэ и ятІэ дивизионым зыкъыщызыгъэлъагъуэ Песчанокопскэм и «Чайка» командэм илъэситІкІэ хэтыну. Арщхьэкіэ Іуэху мыщхьэпэхэр кьыхукъуэкІри, зыхэхуа гупыр етІуанэ дивизионым кьрагъэкІуэтэхащ. Апхуэдэу щыхъум, адыгэ щІалэщІэр Томск и «Томь»-м хагъэхьащ, зыкъэзэхуэ нэхъ пъэщым кьыхэнэн папщІэ. Абы и фащэр щыгъыу Іэпщацэм зэІущІи 9 ятІэ дивизионым щригъэкІуэкІащ. А мащІэри ирикъуащ ди лъахэгъуэм зэфІэкІ льагэ зэрИІэр топджэгум фІыуэ хэзыщыкІыхэм ятІэ-гъуну. Аращ пІалъэ кІыхькІэ «Рубин»-м щІыпсэригъэбыдыпІари

ЛъэпкъкІэ Аушыджэр щыщми, Іэпщацэ Марат топ джэгуным зыщыхуигъэсар Налшыкщ. И ныбжьыр илъэс пщыкІуплІ щыхъум Краснодар ирагъэблагъэри, Галицкий Сергей и футбол академие цІэрыІуэм адэкІэ и зэфІэкІым щыхигъэхъуащ. Ар кьыуха иужькІэ кьигъэгъэзэкри. «Спартак-Налшык» джэгун щыщІидзащ икІи псынщІэ дыдэу зыкъэзэкъуихащ.

ИлъэсІ пщыкІуий абы щыгъуэм зи ныбжьа Марат лъэ быдэкІэ губгъуэм къызэрихьам и щыхьэтщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щыІа зэхьэзэхуэм ди командэм и щІыхьыр ихъумэу зэІущІэ 24-рэ зэриригъэкІуэкІар. ІэшІагъэлІэхэм и джагукІэр хуабжьу ягу ирихьащ - аращ къэралым и ныбжьыщІэ гуп къыхэхам щІраджари.

2019 гъэм мэкъуауэгъэм и 4 - 14-хэм Санкт-Петербург щекІуэкІащ ФИФА-м и вице-президенту щыта Гранаткин Валентин и цІэкІэ къызэрагъэпэща XXXI дунейпсо зэхьэзэхуэ. Іэпщацэ Марат зыдрагъэблэгъа, гъащхьауэ цІэрыІуэу щыта Кержаков Александр зи тренер нэхъыщхьэ Урысей Федерацэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гъэмахуэ чемпионатым текІуэныгъ щищ зэкІэлъыкІуэу къещихьри бжьыпэр зэкІэ иубыдащ Альтуд и «Искрэм». ЯтІэ увыпІэм ар ува къудейкъым, атІэ хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм топ 13 дигъэкІыфащ, езым ейр тІэурэщ къызэрыхагъэщІар.

ПЭЖЩ, иджыри комендитІ, Псынэдахэ и «Родник»-мрэ «Тэрчымрэ» иджыри очко бжьыгэ яфІэкІуэдакъым, ауэ ахэр тІорытІэщ зэрыджэгуар.

Нобэкіэ зи Іуэху нэхъ хэплъагъуэр Аргудан и «Бедик» командэрщ. Абы плІэнэйрэ зэкІэлъхьэужьу фІахьащ икІи иужь дыдэ увыпІэм щытщ, псоми я нэхъыбэ топ бжьыгэ (18) кьыхудагъэкІауэ.

Иджыпстуфэ пасэщ командхэм я зэфІэкІым кууэ утепсэлъыхьыну. ДыщыгуфІэнщ ахэр зэкІэрымыхьащэу чемпионатыр екІуэкІыну, джэгуфІэ дахэ мымащІэ дагъэлъэгъуну.

Адэкіэ щІыгъуазэ фыхуэтщынщ иужь зэІущІэхэм кьакриІуа бжьыгэхэм: **«Малкэ»** (Малкэ) - **«Искра»** (Альтуд) - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **3:4**, **«Имран»** (Бахъсэн) - **«Дохъушыкъуей»** (Старэ Шэрэдж) - **2:0**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **5:2**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **1:0**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Акъбащ»** (Акъбащ) - **3:3**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Урыху»** (Урыху) - **2:2**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Бедик»** (Аргудан) - **6:0**.

Бжьыгэхэм я нэхъыбапІэм наІуэу къызэрагъэлъагъуэщи, зэІущІэхэм уатеззэщэн хуэдэу екІуэкІакъым. Ар уэшцыгуфІыкІын Іуэхугъуэщ. КъыкІэлъыкІуэу джэгуу зэхэр щабэтымрэ тхьэмахуэрэ зэхэтынущ.

ШАФИЙ Аслъэн.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Искра»	3	3	0	0	13-2	9
2. «Шэрджэс»	3	2	0	1	11-9	6
3. «Родник»	2	2	0	0	10-4	6
4. «Тэрч»	2	2	0	0	5-2	6
5. «Кэнжэ»	3	2	0	1	9-8	6
6. «Псыгуэнсу»	4	1	2	1	10-10	5
7. «Спартак-Д»	2	1	1	0	6-0	4
8. «Имран»	3	1	1	1	4-3	4
9. «Урыху»	2	1	1	0	5-3	4
10. «Малкэ»	2	1	0	1	2-4	3
11. «ЛогоВАЗ»	3	1	0	2	4-7	3
12. «Ислъэмей»	2	0	1	1	2-4	1
13. «Акъбащ»	2	0	1	1	5-8	1
14. «Дохъушыкъуей»	3	0	1	2	3-6	1
15. «Шагъдий»	2	0	0	2	2-6	0
16. «Бедик	4	0	0	4	3-18	0

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр пщэдей къыдэкІынущ.

Альтуддэсхэр ятІэ йощ

1:4, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **3:4**, **«Имран»** (Бахъсэн) - **«Дохъушыкъуей»** (Старэ Шэрэдж) - **2:0**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **5:2**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **1:0**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Акъбащ»** (Акъбащ) - **3:3**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Урыху»** (Урыху)

ШАФИЙ Аслъэн.

Хабзэ зэрыхъуаэ, Музейхэм я жэщыр щагъэлъапІэ, накъыгъэм и 20-м ирихьэлІэу зэхьыхэ щІэщыгъэхэр къызэрагъэпэщ УФ-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ Урысейм ис лъэпкъхэм я хъугъуэфыгъуэхэмрэ хабзэхэмрэ хъуэмэным хухэха «Культура.РФ» порталымрэ зэщІыгъуу. Мы гъэм а Іуэхур тхыдэм нэхъ тегъэщІауэ щытащ.

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, а пщыхьэщхьэм музейхэр, сурэт галереехэр, щэнхабзэ ІуэхущапІэхэр мэлажьэ. Ахэр зыхущІэкъуэри щІыхь нэхъыбэ кьрашалІэу, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр, хуэсакъыу яхъумэ хъугъуэфІыгъуэхэр, хьэпшыпх лъапІэхэр ягъэпэгъуэну, щІапхъэу къалытэ цІыху цІэрыІуэхэр, лІыхъужьхэр ирагъэщІыхуну, тхыдэ кьэхъугъэхэм хагъэгъуэзну аращ.

Республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ мы жэщым Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр къыхуэзрагъэпэщащ, я ныбжьыкІи зыпэрыт лажьыгъэми емыльытауэ псоми гъэщІэгъуэн ящыхьуну. Псалъэм папщІэ, КъБР-м и Лъэпкъ музейм щекІуэкІащ «Музейхэм я жэщыр». Музейм и пэІущІэ пэшым щагъэуващ Къбэрдей-Балъкъэрым и музей Іуэхум и тхыдэм, Лъэпкъ музейм и лажьыгъэр зэрызэфІагъэувам, абы и лъабжьэр зэрыгъэтІылъа цІыхухэм ятеуауэ «Наши педагоги-наставники», «Кабардино-Балкария. Путь через века» выставкэхэр.

Музейм и къудамэм и унафэщІ Буринэ Миленэ яригъэлъэгъуащ «Кабардино-Балкария: путь через века» выставкэр. Музейм и пэ къатым щагъэлъагъуэ «Рерихи и Кавказ», ятІэнэ къатым - «Налшык - зауэлІ щІыхьым и къалэщ» выставкэхэр.

Лъэпкъ музейм и фондым щахъумэ хьэпшыпхэр къызытещ пощт картэхэр а махуэм «ягъэсащ». КъыкІэлъыкІуэу, Іуэхум хьыхьу ягъэпэжащ Лъэпкъ музейм дэлажьэ ныбжьыщІэ жьджэрхэр. Лъэпкъ музейм и щІыхь тхылъыр ираташ сабий творчествэмкІэ «Дыгъафэ къалэ» академием и еджакІуэхэм, «Шэху уэздыгъэ» литературэ студием и гъэсэнхэм.

Музейм и унафэщІ Накуэ Феликс къытеувыІащ иджыпсту зэлэжь гъэлъэгъуэныгъэм, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм ятеухуауэ щытынут.

Тканенко Андрей и цІэр зезыхьэ Сурэтыщ Іуэуздзжэмкіэ музейм щагъэуващ «История, эпоха, люди» выставкэр.

Вовчок Маркэ и цІэр зезыхьэ фэеплъ унэ-музейм щекІуэкІащ «Школа не была их работой. Школа была их жизнью» зэІущІэр. Ар теухуауэ щытащ Бэрэгъунэхэ я егъэджакІуэхэм.

Котляревскэ станицэм и музейм щагъэлъэгъуащ «Здесь живёт история» выставкэр. Абы щатащ «Счастье своими руками» мастер-классыр. Зэхьыхэр щиухым абы хэтахэр ирагъэпплъащ «Новь станицы Котляревская» фильмым.

Прохладнэ къалэмэ щыпащащ урысейпсо зэхьыхьэхэм. Къалэм и тхыдэ-лъаэхэхутэ музейм щекІуэкІащ «Учитель, перед именем твоим» зэІущІэр. Щэджэм къалэм КІыщокъуэ Алим и цІэр зезыхьэ и тхыдэ-лъаэхэхутэ музейм щекІуэкІащ «Пока черкесским веет ветром, сиять мне пламенным огнём» зэІущІэр. Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ фэеплъ унэ-музейм щызэхэтащ «Солдаты Победы» гукъэкІыж пшыхьыр. Гущдэлэн къуажэм Отаров Омар и цІэр зезыхьэ и тхыдэ-лъаэхэхутэ музейм щагъэлъагъуащ «История одной коллекции» зыфІащагъ. Май районым и тхыдэ-лъаэхэхутэ музейм щекІуэкІащ «Педагог - не звание, педагог - призвание» лекцэр. Дзэлыкъуэ районым и тхыдэ-лъаэхэхутэ музейм - «История селений Лесгор и Брунненталь» пшыхьыр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● УФСБ-м къет

Наркотикхэкі грамм 485-м щІигъу

Наркотикхэкіэр хабзэм ебакъуэу ирагъэкІыным пэщІэт Іуэхуэр Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм ирагъэкІуэкІыу къыщІагъэщащ республикэм афиянэкІхэр куэду къихьэныр къызэгъэпэщыным пыщІа цІыхум илэжь щІэпхъаджагъэр.

ХАМЭ къэрал щыщ цІыхухъум иригъэкІыну зыхэта «героин» грамм 485-м щІигъу къытрахащ.

Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъэутам ипкъ иткІэ, а цІыхур къуанщэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Іыхьэм, 228.1 статьям и 4-нэ Іыхьэм и «Г» пунктым къыщыхьа щІэпхъаджагъэр зэрилэжьамкІэ икІи илъэси 8-кІэ ягъэтІысащ.

Сом мелуани 4,6-рэ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм, экономикэм пыщІа щІэпхъаджагъэхэм пэщІэтынымкІэ Іуэхуэр щрагъэкІуэкІым къыщІагъэщащ коммерческэ ІуэхущапІэхэм язым и унафэщІ Щхьэныкъуэ М. Ю. Зэрихьэ хабзэншагъэр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКІЭ, абы, хьэрычэтыщІэ мащІэмрэ курытымрэ дэІыгъыныкІэ субсидие кьыдихын папщІэ, КъБР-м Экономикэ зыужьынымгъэмкІэ и министерствэм хъыбар нэпцІхэр Іэригъэхьащ.

Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъэутам ипкъ иткІэ Щхьэныкъуэ М. Ю. УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэм хуэдэ илэжьауэ къиІыхтащ. Абы лъэхъуэщым щигъэкІуэнэу илъэситІрэ ныкъуэрэ икІи сом мелуани 4,6-рэ ипшынынущ.

Иужьрей уэздынэ, ятІэ балигъ лъэбакъуэ!

Нартан къуажэм дэт курыт школ №21-м мы гъэм къыщІагъэкІа ныбжьыщІэхэм къызэрагъэпэща Іуэху дахэр псалъэ гуапэкІэ, уэрэдкІэ, къафэкІэ, усэкІэ, хьуэхъукІэ гъэнщІат.

ЯПЭ дыдэу балигъ гъащІэм хэбакъуэ, гъэзэгу теувэ, ІэщІагъэ кьыхэзыххэм я нэкІум къищІырт гупсыси, гушхэзныгъи, фІыщІи. Школым щагъасэу, щрагъаджэу, щауощийуэ гъэзэгу трагъэувэ ныбжьыщІэхэм ІэщІагъэ ящІыну зыщІэхъуэпсэхэр зэтехуэркъым: хэт хуейщ дохутыр хъуну, хэт дорбзэрыным зыхуигъэсэнущ, хэт щІэныгъэлІ хъунущ, хэт юристу ерджэнущ, хэт пщафІэ Іэзэ къыжжІынущ, хэти егъэджэныгъэм хэтынущ.

Іуэхум еблэгъащ Шэджэм щІыналъэм и администрацэм и унафэщІым и къуздзэ Сэбан Заурбэч, щІыналъэм егъэджакІуэхэмкІэ и ІэнатІэм и ІэшІагъэлІ АлоИслъэм сымэ.

Школым и унафэщІ Щоджэн Руслан 11-нэ классыр къэзыухэм ехъэхъуащ гъэзэгу захуэ теувэну, я псэм фІэфІу кьыхах Іэщ Іагъэм ехъулІэныгъэшхэр щызыІэрагъэхьэну, пэжрэ акъылкІэ зи пщІэ къэзылъжьыжьым цІыху кьахэкІыну. Абы школым щІагъэкІэм я адэ-анэхэм фІыщІэ яхуищІауэ я быным я ехъулІэныгъэмрэ я къэкІуэнымрэ папщІэ Іэмалу щыІэр къызэрагъэсэбэпам, егъэджакІуэхэм я акъылэгъуу зэрыщытам теухуауэ.

Егъэджэныгъэ Іэхэхуэмкіэ унафэщІ Мокъуэ Жаннэ ныбжьыщІэхэм ехъэхъуащ я мурадхэр кьайхъулІэну, щІэныгъэ зрагъэгъэуэту гурэ псэкІэ зыпэрытын Іэнатіи пэрыувэну.

- Псом нэхърэ фІынэхьыфІщ, фІынэхъ дахэщ, фІынэхъ Іуущ сэркІэ. Гъэзэгу махуэ! Сыхуейщ гъэзэгу дахэ кьыхэфхьу дунейм пщІэ фиІэу фытетыну, фи хъуэпсапІэхэр кьывэхъулІэну, гугъуехьхэм кьикІуэт фимыІэу фатекІуэну! Фэ кьыфпоплъэ щІэныгъэм и дуней, ІэщІагъэм и гурыфІыгъуэ! - яжриІащ ныбжьыщІэхэм класс унафэщІу яІа Мэшыкъуэ Алёнэ.

Зыхуейм я Іэр техуэну, Іэщ Іагъэ насып кьайхъулІэну ныбжьыщІэхэм ехъэхъуащ я ятІэ егъэджакІуэ Шэджэм Жаннэти.

Адэ-анэхэм къабгъэдэкІыу школым и лэжьакІуэхэм фІыщІэ псалъэкІэ захуигъэзащ, ныбжьыщІэхэр гъэзэгу насыпфІэ теувэну ехъэхъуащ Къардэн Еленэ.

Ныбжьыщ Іэхэм фІыщІэ хуащІащ школым и унафэщІым, егъэджакІуэфІхэм. Я гупсысэхэр кьаІуэтащ усэкІэ, хьэхъуэкІэ. Уэрэд жаІащ, вальс къэфащ, уджкІи утыкум икІыжащ.

11-нэ классыр къэзыухэм папщІэ школым иужьрей уэзджынэр къыщрагъэуа ныжь, абыхэм я гуп хуэпсапІэхэр ираубудэри уафэм шар зэмыфагъуэхэр яутІыпщащ.

Школым и директор Маргъущ ФатІимэ ныбжьыщІэхэм ехъэхъуащ егъэджакІуэхэр я гум иІыну, адэ-анэхэм я пщІэр яІыгъыну, дэнэкІэ ягъэзэми нэпэр ятІэ ирагъэщыну, щІэныгъэм и гъэгум ехъулІэныгъэфІхэр щызыІэрагъэхьэну!

Классым и унафэщІ Соня Риммэ псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ и нэІэ щІэтахэм:

- Нобэрей махуэр насыпкІэ гъэнщІауэ кьыфхущІэкІыну, кьыфпэщыльъ экзамен гугъуэхэм ехъулІэныгъэ фиІэу фапэлъащыну сыныбжьхьэхъу! "Псом нэхърэ нэхъ классыфІ» зыфІэфщыжауэ фызэрыныгъащи, адэкІи фи ныбжьэгъугъэм Тхъэм кьыфхупищ. Лъагъуэ дахэ пхьифІщыну сыфщыгугъ ну, «Гъэзэгу махуэ!» вжызоІэ. Адэ-анэхэм сныныбжьхэу ди сабийхэр дамэ фхуэхъуну, фи щхьэр лъагэу фагъэІэтыну! Ныбжьыщ Іэхэм гугъу закъыдезыгъэхьа, ахэр ерджэным тезыгъэгушхуа икІи дезыгъэхьэха егъэджакІуэ бэшэчэхэр фи гуащІэ и шхыгъуэ фихуэу Тхъэм ильэс кэдкІэ фигъэлажьэ! - жиІащ абы.

Ныбжьыщ Іэхэм фІыщІэ хуащІащ щІэныгъэм и Іофыр зыхьэзыгъэщІа егъэджакІуэхэм, Іуэху дахэхэм тезыгъэгушхуэу я щІыб къыдэт адэ-анэхэм. Школым и лэжьакІуэхэр къаІэзгугъащ лъэгъунрэгъу я къахуеблэгъэну, гъэзэгу захуэ зытрагъэувам дамыдзыхьну, фІым и телъхъэу псэуну.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Гъуэгу махуэ!

Каменномост (Къармэхъэлэ) курыт еджапІэ №2-м 11-нэ классыр къыщыдыухэм папщІэ иужьрей уэзджынэ я къраГъэуащ. ФІыуэ ялъагъу школым, егъэджакІуэхэм, я классэгъухэм теуха гукъэкІыжхэр я нэгум къыщІигъэхьэжащ уэзджынэ макъым.

ЗЭГУЭР анэхэм я Іэпэр зыныгъуу ятпэу кІуэфІхэм еджэным драгъэхьэхри, щІэныгъэ быди зэрагъэпэщащ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр: Жьэкіэмыхъу Маринэ (*унафэщІ-редактор*), Щирдий Маринэ (*унафэщІ-редактор*), Къаншокъуэ Эллэ (*жэуап зыхь секретарь*), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщіэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, Щхьэщэмыщ Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ ІуэхущапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.683
Заказыр №1089

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жуаІэ яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытредзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жуаІэ зыхь секретарым и къуздзэ **Дыщэкі Соня**, *корректорэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ**.
КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ, Ныр Саидэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**